ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛIЫПIЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№200 (21.608) ● 2009 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Иджыблагъэ Шэрэдж районыр кьыщыгъэхикIуахьым, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жыларгъуэ зыбжанэм щыIащ, социальнэ хъуэныгъэхэр зэрекIуэкIым щыгъуазэ зищIащ, районым и цIыху пашхэм яIуплIащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм Аушыджэр къуажэм къыщыгъэIуихащ спорт лIэужьыгъуэ зыбжанэм зыщIыхуагъасэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ спорт комплексыщIэр. ГуфIэгъуэ зэIущIэм къыщыщыпсалъэм, Къанокъуэ Арсен къыхигъэщхьэхуакIащ нужьрей зэманым республикэм социальнэ мыхьэнэ зиI уху уэныгъэ куэд зэрыщкIуэкIыр, дяпэкIи абыхэм зэрыпащэнур: «Дэ щIалэгъуалэгъэ узыншэу, зэхэщIыкI яхэлъу къэтджэжьи папщIэ Iэмал псори къаухуэдгъэпэщыну ди къадэнщ. Ахэрщ Къэбэрдей-Балькъэрым и къэкIуэнур».

Мы къуажэм КъБР-м и Президентым щыгъуазэ зыщыхуищIащ «Аушыджэр псынэ» узыншагъэр щрагъэфIакIуэ санаторэ комплексым. Абы районым и Iэтащхьэм чэнджэщ иритащ мы зыгъэпсэхупIэ хьэлэмэтыр егъэфIэкIуэным теухуа бизнес-проект республикэм и инвестицIэ советым къыщыхилъхьэну. «Мы псы хущхьэр зыхуэбгъэдэн щымыIэу хьэлэмэтщ, абы къакIуэхэр зыхуеину псомкIи кьызэгъэпэщыпхъэщ», - къыхигъэщхьэхуакIащ Президентым.

КъыкIэлъыкIуэу Къанокъуэ Арсенрэ абы и гъусэхэмрэ щыгъуазэ защIащ Зэрэгъыж къуажэм дэт школыр, сабий садыр зэрызэрагъэпэщыжым. КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр Афэщхьаг ъуэ Михаилрэ Iэнатlэм пэрыт ухуакIуэхэмрэ зэрыжаIамкIэ, мы Iэхэщ Iапlэр илъэсыщIэм ирихьэлIэу сабийхэр кьекIуэлIэжьы хуэдэу хьэзыр щIынущ. Къуажэ школым и щIыхьэпIэм и деж республикэм и Iэтащхьэр а жылагъуэм щыпсэуэхэм щаIуIащ, абыхэм я Iуэху зыIутым щIэупщIащ. Абдеж зэрыщыжаIамкIэ, Налшык къикIыу хэхуэу Зэргъыж къаIуIу автобус щыIэкъыми, къуажэдэсхэр зэрызекIуэр блэкIыу ягъуэт транспортщ. Абы къыхэкIыу Къанокъуэ Арсен республикэм транспортымкIэ, связымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр Сунш Ануарбий и пащэ ирильхьащ апхуэдэ щытыкIэр гъэзэкIуэжьнымкIэ хэкIыпIэхэм егупсысыну.

Школ музейм и унафэщI Темыркъан Лидэ Президентым тыгъэ хуищIащ сабийхэм я Iэдакъэщlэкlэхэр, пхъэм къыхэщIыкIа шы суэрэн хэту. Апхуэдэ тыгъэхэм папщIэ КъБР-м и Iэтащ-хьэм сабийхэм фыщIэ яхуищIащ.

Президентыр Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС гупыр щащI щыIапIэм щыIащ, ар зыхуэ лэжьакIуэхэм яIущIащ, унафэщIхэм епсэльащ. Мы Iэнатlэм Iутхэр абы къигъэгугъащ гугъуехь гуэрхэр къальыкъуэкIмэ, защIигъэкъуэну.

Бабугент къуажэм КъБР-м и Президентыр щепlащ а жылагъуэм дэт еджапIэм къыгущIыхь унэр здыныгъэсам. УнэщIэр дэщIеин яухащ, и щыбри зэрахьащ. Иджы къэнжар пэшхэр зыхуей хуагъазэу унэльащIэхэр щIагъэувэжьнырц. Мыбы апхуэдэу хэтынущ сабий 40 зэкIуэлIэну спорт школри. «Бабугент къуажэм и еджапIэхэм я щIэр сыт щыгъуи фIыкIэ кьаIэт, абы къыхэкIыу мы ухуэныгъэми хуэфащэ увыпIэ районым щIыбыдыкIи хуейщ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Президентымрэ абы и гуэгъэхэмрэ зэрыс автомашинэхэр щIэуэ зэрагъэпэщыжа Бабугент - Безенги гъэгъуэ ирикIащ. Безенги къуажэм и дыхьэпIэм деж абыхэм къащIыIущащ жылагъуэм и лIыкIуэхэр. Абыхэм республикэм и Iэтащхьэр гуапэу ирагъэблэгъащ. «Асфальт зытелъ гъуэгу диIэну дэ ди пщIыхьэпIэм къыхэхуэрт экъым, ар икъукI э зэрыщIыпIэр тщIэрти. Лжьыгъэхэри апхуэдэу псынщIэу ирагъэжьэну дыщыгугъакъым. Къуажэм дэс псоми я щIэкI фIыщIэ пхудощI уи псальэр зэрыбгъэпэжам папщIэ», - жаIащ Президентым къыIуIащIахэм.

Къанокъуэ Арсени нэхъыжьхэм фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ гуапагъэм папщIэ. Абы къыхигъэщхьэхуакIащ дэтхэнэ жылагъуэми гъэгуфIэгъ иIэн, хозяйствэхэр зэтеувэжьын, туризмэм щIэгъэхуэбжьауэ зиужьын папщIэ республикэм и унафэщIхэм яльэкI псори зэралъхьу. УхуакIуэхэм кьызэхуэсахэр быдэу ягъэгугъащ щэхIуэгъуэ маазм и кIым нэсыху мы гъэгугр щIыныр зэфIагъэхIыну.

А махуэ дыдэм Къанокъуэ Арсен районым и цIыху пашэхэм яIущIащ, абыхэм жаIахэм едэIуащ. Район администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махьты къыщыпсалъэм къигъэльэгъащ нэхъ апэкIэ Президентым пщэрылъ ящищIауэ щыта Iуэху 88-м щыщу 70-р нэсу зэрагъэзэщIар, 16-м мы зэманым зэрелжьыр, 2-м зэкIэ зэрапэмылъэщар. Апхуэдэ лэжьыгъэм папщIэ Къанокъуэ Арсен районым и Iэтащхьэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и Iыхьэ-хэм егугъуныгъэ зэрахэлъыр къыхигъэщхьэхуакIащ.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэм и лэжьакIуэ.



«Фэхьуе, пщIэ зыхуэтщI Президент!» - жеIэ Шэрэдж районым щыщ нэхъыжьыфI Ульбашев Азнор.

«Гъуэгу зэрытхуебгъэщIам дыщогуфIыкI» ● КъБР-м и Президент

Бысымхэм я псалъэ гуапэ.

Бабугент - Безенги гъэгуэр яух.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Шэч къытесхьэркъым ● Хъуэхъу

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и газ хозяйствэм и лэжьакIуэхэу, ветеранхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Сигуки си псэкIи сыныбохъуэхъу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр газкIэ кьызэзыгъэпэщ системэр илъэс щэ нокъуэ зэрырикъумкIэ.

БлэкIа илъэсхэм кьриубыдэу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэнатlэм хабзэ хьарзынэхэр щIэкI хьуащ, республикэр зэблэу кьыхэмыкIыу икIи шынагъэншэу гъэсыныпхъэ гъэзэжджэмкIэ кьызэгъэпэныр, ди энергетикэ щынагъэншагъэр зэтьыта гуп Iэкlуэлъакlуэ щыхэ теуващ. Шэч къытесхьэркъым фэ дяпэкIи цIыхухэр зэпIэзэрыгу икIи шынагъэншэу газкIэ кьызэрызэвгъэпэщынум, технологие комплексыр зэпIэзэрыту зэрызефхьэнум. Мы зэманым КъБР-р газкIэ кьызэрызэгъэпэщамкIэ Урысейм бжьыпэр щызыIыгъэм ящыщщ. Ди къалэ, къуажэ псоми, апхуэдэу пхыдзауэ бгылъэ щIыпIэхэм щыIэ жылагъуэхэми къэбгъэсэбэпыну тынш, уасэкIэ езэгъырабгъу икIи экологие и лъэныкъуэкIэ кьабзэльабзэ а гъэсыныпхъэр яIэроxьэ.

Узыншагъэ быдэ, мамырыгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ фIэну, фи м урадзэр кьывэхъулIэну си гуапэщ!

КЪАНОКЪУЭ Арсен,
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Пленар зэIущIэр ягъэхьэзыр

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр щрагъэкIуэкIыну пIалъэм, абы зыщыхэплъну Iуэхухэм. Республикэм законхэр кьыщIэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и депутат псори кьызрихьэлIэну зэIущIэр 2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м зэхьэхьэнущ. Парламентархэр хэплъэн папщIэ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэхуу тIощым нэблагъэ яубзыхуащ.

ПРЕЗИДИУМЫМ хэтхэр адэкIэ тепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхьэуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хэрычэт Iуэху цIыкIумрэ хурыфмрэ зыщегъэуэкIыным и Iуэхукlэ». Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 4 статьям зэхьэуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Мэзым пыщIа Iуэхухэр зэблэгъэкIыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхьэуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм нс льэпкъхэм я щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 30 статьям зэхьэуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законопроектхэм. Аэр зэIущIэм кьыщыкалъхьащ комитетхэм я унафэщIхэу у Бэшорэ Хьэмид, Марьяш Иринэ, Несутулов Виктор, Рахаев Анатолий сымэ. Парламентым и Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ а документхэр законкэр кьыдэзыгъэкI орган нэхъыщхьэм и зэIущIэм щыхэплъэн папщIэ ягъэхьэзырыну.

Законым тетыныкIэ, хабзэр хьэмэныкIэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ комитетым и унафэщI Бэшорэ Хьэмид и лэжьэгъуэр щыгъуазэ ищIащ терроризмэм и зэран зэкIа щыхуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат щIыкIэм теухуа федеральнэ закон зэрызэхэльхьэпхъэм хуэгъэзауэ Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Б.В. зэрызыкуитхаазэм. КъБР-м и Парламентым и Президиумым дильагъащ Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и депутатхэм кьыхалъхьар.

Социально-экономикэ Iэнатlэм екъэлIауэ УФ-м и нэгъэущI субъект зыбжанэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыным теухуауэ кьаIэта нэгъэущI жэрдэм зыбжанэмэ тепсэтыхьащ. Ах зэIущIэм кьыщыхалъхьащ IуэхуныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ юмплек сымкIэ юмит етым и унафэщI Гриневич Валерий, ЛъжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хьумэныкIэ комитетым и унафэщI Жанатаев Сэлим сымэ.

КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхьылыр зыхуэфащэу кьалыытэхэм ятеухуауэ Парламент лэжьыгъэр зэгъэзэуныкIэ, регламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI Щыхьалий Зэирэт кьыпсэльам едаIуэри, Президиумым хэтхэм унафэ ящIащ республикэм законкэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм а и дамыгъэ лъапIэр УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэу Варзиев Руслан Сергей и кьуэм - подразделенэм и офицер нэхъыжьым, Кучурэ Дмитрий Виктор и кьуэм - кьудамэм и оперуполномоченнэм, Болуев Магомет Анвар и кьуэм - «Ёвросеть» ОАО-м щынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыныкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэм иратыну.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми щыхэплъащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.

● Хъыбар гуапэ



Пащты Борис и дамыгъэ

КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныр щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Пащты Борис иджыблагъэ ярысей дамыгъэ кьыхуагъэфэщащ.

УФ-М СПОРТЫМКIЭ, туризмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министр Мутко Виталий и унафэкIэ абы «Урысей Федерацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и Iэнатlэм пщIэ зиI э лэжьакIуэ- бгъэхэIу дамыгъэ кьратащ. Апхуэдэу гъэлъэпIа хьуащ Пащты Борис щIалэгъуалэ Iуэхухэр пхыгъэкIыным екъэлIауэ илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэфIигъэкI лэжьыгъэр.

ХЬЭГАУ Исльам.

● Гу зылъытапхъэ

Брейк-дансымкIэ Налшык и чемпионат

«2009 - 2011 гъэхэм Налшык и щIалэгъуалэр» къалэ программэ хэхам хIубыдэу жэпуэгъуэм и 24-м ирагъэкIуэкIынущ брейк-дансымкIэ къалэм и япэ чемпионат зэIуха. Ар къыхэзрагъэпэщ «Кардинал-2000» ООО-м, «ЩIалэгъуалэм я союз» къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Налшык къалэм и щIыпIэ administрацэм щIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Iуэхухэмкlэ и кьудамэм.

Зэпеуэр зыхуэунэтIа мурад нэхъыщхьэр щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, къэрал Iуэхущ Iапlэхэр, щIалэгъуалэ гупхэр зэкъуэгъэувэнырщ, щIалэгъуалэм я творческэ зэфIэкIыр къэзыгъэнырщ.

Зэпеуэр абы хэтхэм я нэхъыжьым тещIыхьауэ гуп-гупкIэрэ гушъуэ ирагъэкIуэкIынущ. Чемпионатым и жюрим щIалэгъуалэм утыкум кьыщагъэльагъуэ зэфIэкIыр лъэныкъуэ зыбжанэм ятещIыхьауэ зыбжанэм я ятещIыхьауэ кьипщIыгъэнущ. Мы зэпеуэм щытекIуэ гупхэм Iэмал иратынущ кьалэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм концертхэр кьыщызэрагъэпэщынущ.

Чемпионатыр жэпуэгъуэм и 24-м сыхьэт 14-м ХьэтIохъущокъуэм и хадэм и кьэфапIэ унэм (КIыщокъуэм и уэрам, 1) кьыщызэIуахынущ.

ФыщIэупщIэ хьунущ 42 - 27 - 68, 47 - 46 - 96 телефонхэмкIэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ трегъэдзэныкIэ махуипщI лэжьыгъэ йокIуэкI

2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къаIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ трегъэдзэным теухуауэ 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 15 - 25-хэм урысейпсо махуипщI лэжьыгъэ йокIуэкI.

ГАЗЕТХЭМРЭ журналхэмрэ я уасэм щыщу связым и Iуэхутхьэбзэхэм хуэзэм а зэманым кьыриубыдэу процент 10-кIэ кIэрагъэхунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ нэхъ пуду Iэ щытебдзэ хьунущ пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ Iапlэми. А махуэхэр кьэвгъэсэбэныну фыкьыхуходжэ.

Федеральнэ пощт связым и Управленэу КъБР-м щыIэ.

● ● ● ● ● ● ● ● ●

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Жэпуэгъуэм и 15 - 25-хэм ди газетым Iэ тебдзэмэ, илъэс ныкъуэм абы хуэзэнур сом 324-рэ кIэнпIейкIэ 24-рэщ, сом 356-рэ кIэнпIейкIи 10-м и пIакIэ.

Ди индексыр



ДяпэкIэ фыщIмыуэ

Афганистаным хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и министру щыта Абдулла и хэкуэгъуэм захуигъэзащ щэкIуэгъуэм и 7-м екIуэкIыну президент хэхыныгъэхэм я еГIуанэ Iыхьэм щопи кьокIуэкIыну.

НобэкIэ а къэралым и унафэщI Карзай Хьэмид хэхыныгъэхэм я япэ Iыхьэм текIуэныгъэр кьыщихьын папщIэ зыхуеину процент бжыгъэм хуэдиз зэхуихьэсыфакъым. Абы кьыхэкIыу еГIуанэ Iыхьэр екIуэкIынущ.

- Псори тэмэму, хабзэм тету екIуэкIын щхьэкIэ гупсысэ гуэрхэр сиIэщ, ауэ абыхэм я гугъу иджыпсту фхуэсщIыфынукым. Иджыри къэс ди лъэпкым гугъуехьыр и натIэу, гуныкъуэгъуэ щымащIэу къэгъэгурыкIуащ, ауэ дяпэкIэ псоми зихуэзэжынущ. Сэ а къулыкъур кьысльысмэ, си кьару кьихь кьэзмыгъанэу лъэпкъым сыхуэзлэжьынущ, - жиIащ президент кьулыкъум хуабжьу щыгугъ Абдулла.

США-мрэ Израильмрэ Iуэхушхуэ зэдаубIэ

Мы къэралитIым я ПВО-хэм я гъэфIакIэр кьагъэлъэгъуэну Iуэхушхуэ зэдаубIэ. Абы хэтыжуи тIум щIэуэ, къуэхьыльэ щэ бжыгъэхэр.

- Къэралитlми зыхьумэжыныгъэмкIэ я Iуэхущ Iапlэхэм я зэдэлэжьныгъэхэр нэхъ быдэ хьун папщIэ кьызэдгъэпэщащ мыр, армыхьумэ дунейм кьыщекIуэкI нужьрей къэхуэкъащIэхэм хуэзунэтIа гуэркъым, - къет журт армэм и пресс-Iуэхущ Iапlэм.

ЗорыжаIэмкIэ, зыгъэсныгъэхэр щокIуэгъуэм и 5 пщIондэ екIуэкIынущ икIи ахэр зэрызэфIэкIыу, щхьэж и пIэ изгъэжьынущ.

Жэуапым фыхуэсакъ

Урысейм Ираным зэ «хьуэ» жриIэмэ, абы и мылькум хэщIыныгъэщхьэ иIэнкIэ хьунущ.

Ди къэралым и зауэ-промышлIенно комплексым хэщIныгъэ ин игъуэтыну хуагъэфащэ, Ираным ПВО С-300 ракетэ комплексхэр ирищэн щигъэтмэ. ЗорыжаIэмкIэ, Урысейм зэ «хьуэ» жиIэху, доллар зы мелард фIыкIуэдынущ икIи, зэгурыIуэныгъэм зэребакъуэм щхьэкIэ, доллар мелуан 300-400 тезыру кьыгралъхьнущ.

С-300-р зыхъумэжыныгъэм хуэунэтIа Iэщщ икIи УФ-м ар зыхуейм ирищэну хуитщ. Илъэси 4 и пкIэ мы къэралитIым зэращIыхьа зэгурыIуэныгъэм «хьуэ» кьыхэкIынкIэ хьуну щIыхуагъэфащэр гурыIуэгъуейщ икIи абы иджыпсту зыри ину тепсэльыхьыркым.

НСЕЗ

◆ 1841 гъэм кьалъхуащ адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ **ХьэтIохъущокъуэ Къазий.**

◆ Илъэси 100 и пкIэ франджы кхъульатэзехуэ, баронессэ де Парош Р. щIыхуфхэм ящыщу япэу уэгум ихьауэ щытащ.

◆ Илъэси 110-рэ и пэкIэ «Барселонэ» испан футбол клубыр къэунэхащ.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэт 7-рэ дакьикъ 27-м, кьуэхьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъ 14-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъ 47-рэ.**

ПIалъэр зыхьхьэзыр:
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ПIу зэпсалъэмэ, уахэмыхьэ.

Хамэ къэралым кьикIа лIыщIэхэм хохъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. ***УФ-м и Iэпхъуэщапхъуэ къулыкъум и кьудамэу КъБР-м щыIэм къызэритамкIэ, дыззрыт илъэсым кьриубыдэу хамэ къэралхэм ящыщ цIыху 746-р республикэм щылэжьэну кьуэ ящI. Нэгъабзрей бжыгъэм нэхърэ ар хуэдитIкIэ нэхъыбащ.***

ХАМЭ КЪЭРАЛцIыхухэр ягъэлэжьэну хуитныгъэ республикэм щызиIэр Iэхъущ Iапlэ 11 мэхъу. ЩIыIэ хабзэр кьызэпауду нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIаехэр зыгъэлэжьахэм илъэсым кьриубыдэу сом мелуан 1,1-кIэ миграцэ кьулыкъур етхьэкъуащ.

Москварэ Сыхъумрэ зэгуроIуэ

АБХЬАЗ. ***Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным теухуа зэгурыIуэныгъэ Абхьазым и премьер-министрым и япэ хуэдэз Лакербае Людмилэ Мэкъуу и Iэтащхьэм и къуэдзэ Баддаксо Сергейрэ иджыблагъэ Сыхъум къалэ щызэращIылIащ.***

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Мэкъуурэ Абхьазым и республикэм и спорт программэхэм, проектхэм, олимпиадэ зэщIэхъеныгъэм зэгъэужьным зэгъуэзу елъэкIынущ. Спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, абы футболри хьыльэу, илъэс псом кьрибыдэу зыщагъасэ центрхэр республикэм и спорт базэхэм кьыщызэрагъэпэщынущ.

Абхьазым и президент Бэгъэпщ Сергей зэгурыIуэныгъэм Iэ щытрадзэм кьрихьэлIащ.

- Куржы-абхьаз зауэм ноужь, Мэкъуу хуэдэу кьыздэIэпыкъуар мащIэщ. Лужков Юрий абы щхьэкIэ фIыщIэ ин хуэдощI. Спортым зэгъэужьыным кIэ Мэкъуу зэфIэкIышхуэ иIэщ, ар кьэдгъэсэбэпын мурадкIэ нобэрей зэIущIэр кьызэдгъэпэщащ. Дэ дыхуейщ ди республикэм и цIэр лъагэу зыIэтын спортсмен лъэщхэр кьытщIэхьэуну, - къыхигъэщащ президентым.

ЗэгурыIуэныгъэм къызэрыщыкъущкIэ, лъэныкъуитIыр илъэситхуэкIэ зэдэлэжьэнущ. А пIалъэм кьриубыдэу зэгурыIуэу я Iуэхухэр, социальнэ-экономикэ къызэрыщыкIуэ илъэситхуэкIэ зэдэлэжьэныгъэм пащэнущ.

Тхьэмадэм къуажэхэр кьыззэкIухь

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и президент Тхьэкlуущинэ Аслъэнажэрий Тохьутэмыкъуей районым и Банзхэс Псеийтыкъуэ жылагъуэхэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ иджыблагъэ щыIащ.***

- ТОХЬУТЭМЫКЪУЕЙ районым зегъэужьыным екъэлIауэ социально-экономикэ программэ дгъэхъэзырынущ. Абы хэтынущ щIалэгъуалэм ядэлэжьэным екъэлIа Iуэхугъуэхэр. Мы куейм зэфIэкI кIэщ, нэхъыбэжкIи дыщогугъ, - жIри щIащ куейм щыпсэуэхэм Тхьэдущинэ Аслъэнджерий.

Президентыр щыIащ жылагъуэхэм щыщыз эIуаха мэжджытыщIэхэм икIи тыгъэ яхуищIащ сом мини 100-рэ аварэ нэхъ лъэщ зыщI Iэмэпсымэрэ. Апхуэдэуи зригъэблэгъуэ Адыгэ Республикэм спортым зыщегъэужьыныкIэ программэм ипкъ иткIэ районым щаухуэ топджэгу губгъуитIыр, бысымхэм топхэмрэ спорт фащэхэмрэ яритащ.

ХЬЭЩЫКIЪУЕЙ Олег.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Ефауэ кхъухьлъатэр зэригъэкІуэнут

●Хьэдэгъуэдахэ

Германием и Франкфурт къалэм иджыблагъэ хьэргъэшыргъэ къыщыхъуащ - S7 авиакомпанием (нэхъапэм «Сибирь»-кІэ зэджэу щытам) и кхъухьлъатэзехуэр и Іэнатіэм къыпащтэкІыщ щІыпІэ полицием. Щхьэусыгъуэр - ар зэрычэфырт, ерагъкІэ фІэкІа зэфІэмытыжьыфу.

ПАССАЖИРХЭР я пІэ изэгъауэ Урысей экипажыр кхъухьлъатэм щыхуэкІуэм, аэропортым шынагъэшынагъэмкІэ и лэжьакІуэхэр абыхэм ящыщ зым къыпэуващ.

- НэгъуэщІ къэралхэм кхъухьлъатэзехуэхэр рейсым техьэн и пэкІэ къыщапщытэркъым - я гущхьи къэкІыркъым абыхэм ящыщ гуэр чэфу штурвалым дэтЫсхьэну, - жеІэ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и кхъухьлъатэзехуэ Щербак Леонид. - ИкІи сыт хуэдиз уефауэ ущытын хуей, аэропортым шынагъуэншагъэмкІэ и лэжьакІуэхэр абыхэм ящыщ зым къыпэуващ.

Ильэс 49-рэ зи ныбжь урысей кхъухьлъатэзехуэр, дауэ ящІми, дохутырхэр зыщІэс пэшыкІэ щІагъэхьащ икІи и щытыкІэр къапщытэну лъы хашащ. Анализым кхъикІуам щхьэфэцыр итэтэжьыр - абы и лъым фадэу промилле 0,5-рэ хэту кхахутащ. Ар аркъэ птулькІэефэмэ цІыхум и Іэпкълъэпкъым хьхькъэ хуэдизу мэхъу. Кхъухьлъатэзехуэм къуэдыуэ еврэ мин ирагъэтри, къаутЫщыжащ, и Іуэхур адэкІэ Урысейм щызэхэтэкІын папщІэ.

S7 авиакомпанием зэбригъэха хъубарым къэхъуар щабэщІакъым икІи, абы къызэрыхэжламкІэ, Франкфурт - Новосибирск рейсым и кхъухьлъатэзехуэм теухуа Іуэхур зэхэзыгъэкІыну комиссэ щхьэхуэ къыщэрагъэпэщащ. Кхъухьлъатэзехуэр и Іэнатіэм ІуэгъэкІынущ, арефауэ щытауэ къыщІагъэщтмэ.

Кхъухьлъатэзехуэм и цІэри ар щыпсэури зэкІэ къыжаІакъым, Арщхьэкіэ Кхъухьэпіэ-Сыбыр транспорт прокуратурэм абы теухуа Іуэху кьиІэтащ. Ар зэхэгъэкІынир тыншу зэрыщымытынур хабзэм и Іуэмакіуэхэм ябзыщІыркъым.

- Псом яп-рауэ, S7 авиакомпаниер щатхар Новосибирскщ, ауэ и хэщІапІэр здэщыІэр Мэзкуущ. Іуэхур къыщыхъуар Франкфуртщ. Араущи, гъуэгуанэ куэд зэпытчын хуей хъунущ, - жиІащ транспортымкІэ прокурорым и дэІэпыкъуэгъу Горбуновэ Татьянэ. - ИджыпстукІэ допсалъэ авиакомпанием и лэжьакІуэхэм. Уголовнэ е административнэ Іуэху къэІэтыным зэкІэ и гугъу тщІыркъым.

Ефауэ штурвалым пэрытІысхьэ кхъухьлъатэзехуэхэр Урысейм мы гъэм и щыпэльагъуэкъым. Зи гугъу тщІам хуэдэ дыдэ хьаугъэ мазэ ипэкІэ Анапэ къыщыхъуащ. Цыкухэр Къэзан зыпшэну зызыгъэхьэзыра «Татарстан» авиакомпанием и кхъухьлъатэзехуэр рейсым кьытраригъэкІауэ щытащ. Кхъэхуар щызэхагъэкІыным къыщІэщащ ар чэфу Анапэ къызэрыльэтар.

Насып диІэти, Анапи Франкфурти я аэропортхэм шынагъэншагъэмкІэ я лэжьакІуэхэр нафІдзэгубдзапльэу къыщІэкІащ. Армырамэ, хэт ищІэнт къэхъунур. Апхуэдизу нэщІэбжьэ къыгъэзыхэкІ кхъухьлъатэ зэжьэхэуэ, къехуэхэхэм я щхьэусыгъуэхэм яхэмыгъэ пІэрэ ахэр зезыгъэкІуэхэр чэфу я Іэнатіэм зэрыпэрыхьэр, цІыхухищхэм я гъащІэр я Іэмыщ1эм зэрилъэр ящыгъупщауэ?!

АНДРЮХИН Александр, КРАСИКОВ Андрей.
«Известия».

Бжьыгъэхэм я бзэкІэ

◆2050 гъэм ирихьэлІэу Евросоюзым щыпсэухэм я процент 20-р муслъымэну щытынущ. Абыхэм я нэхъыбэр Нидерландхэм, Великобританием, Испаниием щыІэнущ. Муслъымэнхэм я бжьыгэр Евросоюзым щІыхьэхъуэнум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэщ абы хьІхьэ къэралхэм лІэщІыгъуэ блокІам и 50 - 70 гъэхэм Іэпхъуэхэм я унагъуэхэм куэд къызэрыщалъхур. Европейхэм я деж ар щехуэх зэпытщ икІи мыгувэу игъащІэ лъандэрэ щыпсэуахэр языныкъуэ къалэ инхэм къэІэпхъуэхэм нэхъри нэхъ мащІэ щыхъунущ. Ятпу ар къыщыщІыну хуагъэфащэ Инджылызым инагъкІэ етІуанэу щыщыт Бирмингем.

◆Мобильнэ телефону пащІахэм я бжьыгъэр 2009 гъэм и кІэухым мелларди 4-м дуней псом щынэсынущ. Нэгъабэ ахэр мелларди 3,9-рэ хъуэу щытащ, етІанэгъэ мелларди 4,4-м щІигъунущ.

◆Урыс мелуан 1,3-рэ иджыпсту хамэ къэралхэм щопсэу. Псори зэхэту иужьрей ильэс 50-м кІэриубыдэу Урысейр ди хэкуэгъу мелуан 20-м ябгынащ. Ахэр нэхъыбэу Іэпхъуэщ Германием - процент 30-р, Апыджьмэ - проценти 2,3-р.

◆Урысейм щыпсэум и процент 25-м я фейдэ хэлъщ жылагъуэм коррупцэр щызекІуэнщ. Апхуэдизу Къэрал Думэм къыщыпсальэу жиІащ ХФ-м юстицэмкІэ и министр Коновалов Александр.

◆Ислъамым и щыпІэ лъапІэхэр къаплъыхьи, хьэж ящІым мурадкІэ, Сауд Хьэрыпым и властхэм цІыху мелуан 1,6-м хамэ къэрал визахэр иратащ. Нэхъапэм а бжьыгэр хуэдизкІэ нэхъыбэу щытащ, ауэ дунейпсо финанс кризисым и зэранкІэ нэхъ мащІэ хъуащ, махуэм хуэзэу мини 10-м икІри мини 3-м нэс. Псом хуэмыдау хэщІащ Египетымрэ Малайзиемрэ кьикІэхэм. Абыхэм я дин унафэщІхэр кхъуэм къыпкъырыкІ пыхуэсхум зэрызэгъэуцу игъэшынащ икІи я унафэм щІэт цІыхухэм зэхэзекІуэнщ, хьэжыщІри хэту, зэкІэ зэпагъэуну чэндджащ иратащ.

«Эхо планеты».

Санкт-Петербург и щІэныгъэлІэхэм Къуэкіыпіэ Жыжьэм зэуакъыным ехьэлІауэ ягъэхъэзыра докладыр хэІущІыну хьуа нужькІэ, а хьыбарым Приморьер напІэзыпІэм зэщІиштащ.

ПРИМОРЬЕМ и кьалащхьэр абы щыпсэу Іуэрым зэрабгыІэр кьапщыта нэужь, а Іуэхугъуэр кьыхэтрагъуэныІэн, экономикэр кьрагъэлын папщІэ щІэныгъэлІэхэм кьыхалъхьа жэрдэмхэм ящыщ зыщ Владивосток кьалэр тІу иращІыкІыу зы Іыхьэр Китайм илъэс 75-кІэ бэджэнду иратыныр. Абы кьыпэкІуэну сом мелларди 130 - 150-м адрейхэр тэмэму кьигъэпсэуну, лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ кьызэрригъэпэщыну кьалытэ щІэныгъэлІэхэм.

Проектым кьыІэрыщыгъэльэгъуэмкІэ, Китайм и Владивосток Іыхьэм езым и администрацэ иІэжьнущ, Харбин и унафэм щІэту. Къэралгъэнкпкъэр таможнэмкІэ кьыІэпэупщІынущ. Ауэ щІэныгъэлІэхэм кьагъэлъэгъуэгъакъым илъэс 75-рэ дэжьа нэужь, абы «игъащІэ льандэр» щыпсэуа китайхэр зэрыригъэкІыжьыну щыкІэр. Абы мыхьэнэшхуэ зэриІэм шэч хэлъкъым.

Дауи, Кремлым Санкт-Петербург и щІэныгъэлІэхэм я жэрдэмыр диІыгъынукъым, ЩІыр эбгратыкІыу щІадзэмэ, Урысей Федерацэр тегушхуэгъэгъуафІэ кьыІэращІынур хьэкъщ. Ауэ зыгуэркІэ апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр ди унафэщІхэм я щхьэусыгъуэ кьыІэрыщ. ЩІыр эбгратыкІыу щІадзэмэ, кьэралым и Іыхьэ нэкъу эр - Камчаткэм кьыщыщІадзауэ Ураллым нэскІэ - бэджэнду ят хъунущ. Дэ щытхуэзэфЫмыкІкІэ, хьэмэ ахэр кьрагъэсэбэп, псомэ я фейдэ хэпІу.

БЕРОЕВЭ Нигинэ.
«Комсомольская правда».

Зыри кьикІакъым

ОСЕТИЕ ИЩХЪЭРЭ-АЛАНИЕ. *Пригородно районым схьэІа лъэпощхьэпохэр зэфІэхьыным теухуауэ Мамуровымрэ Евкуровымрэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэм зыри кьикІакъым.*

1992 ГЪЭМ кхъэуа зэпщІэуэныгъэм кьыхьІыу Осетие Ищхъэрэм и Пригородно районыр зрагъэбгына ингушхэм я унэхэм ягъэзэжьынир хэм дыдэу фІэкІа екІуэкІыркъым. Ар щІагъэпсынщІэн мурадкІэ, республикитІым я Іыщхьэхэр зэхуэзами, лъэныкъуитІри зрызы кьэзыщІын Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр кьыхалъхьэфакъым. Мы гъэр кьызэрихьэр Пригородно районым зыгъэзэжьыфар ингушу унагъуэ 60-щ.

ЩІыналъыщ зэпызыщІэ лъэмыж

РОСТОВ ОБЛАСТЬ. *Дон псымэ и инщ лъэмыкъуэм иджыблагъэ трапльэ лъэмыжым Ростов, Воронеж, Волгоград областхэр автомобиль гъуэгуКІэ зэпищІащ.*

ЩІЫПІЭ бюджетым кьыхэкІа сом мелуан 683-рэ зытрагъэкІуда гуэркІэ щІэнт зэрыбгыуэ илъэсищ пІалъэм и пІкІэ мази 8-м кьинрибудэу зэфІагъэкІащ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, а лъэмыжым зы жэщ-махуэм кьринубыдэу иджыпсту автомашинэ минибЫм нэблагъэ зэпрокІ. 2025 гъэм ирихьэлІэу аужьмэ я бжьыгэр хуэдитІкІэ хэхьэнущ.

Унэхэм я уасэр йохуэх

ВОЛГОГРАД ОБЛАСТЬ. *ЯмыгъэІэнхъуэ мылькум я уасэр псом нэхъри нэхъыбэу щехуэха урысей къалэхэм пашэныгъэр щыгъыныр Волгоград.*

ИЛЪЭСЫМ зэрыщІидзэрэ мыбы уасэхэр процент 24-кІэ щехуэхащ. Апхуэдэу щыт пэтми, Волгоград щІэуэ щащхуэхэм я метр зэбгъузэнатІэм сом 42495-рэ, унэ ІОрысхэм сом 38092-рэ хуоуэ. Урысей Федерацэр зэрыщыту кьащщтэмэ, псэупІэ унэхэм я метр зэбгъузэнатІэм ику иту къекІуэкІ я уасэр зэрыхьэр сом 36765,5-рэщ.

Яп уэсым егъэунэху

ДАГЪЫСТАН. *Мыгъэрей бжьыхьэм я яп уэсым Дагъыстаным и бзырыс экъыгъэу куэд уэздыгъэшхуу кьыгъэнащ.*

УЭС цІынэр зэрыкІэрыщтхьамрэ жьыщхуэу кьызэрепщамрэ я эзранкІэ, тох кІапсэхэр щыпІэ куэдым щызэпычащ икІи республикэм и районибгъ уэздыгъэшхуэ кьэнащ. Энергетикэм кьызэрагъэпэща гуп щхьэхуэхэм а нЫкъуэныгъэр епІэщІэкІыу зэгъэзэкІуэж икІи кьебдзгъэ щыІмахуэм жылагъуэхэр зэрыхуагъэхьэзырыным ахэр хущІокъу.

Сочэ и спорт ухуэныгъэхэр лэжьапІэнэшхэм ирагъэщІ

ИНГУШ. *Республикэм лэжьапІэнэшхэ щатхахэм кьыхашауэ ухахьэрэ ящ ухуакІуэ хуэдиз зэпуск Сочэ щрагъэжьащ.*

АХЭР Сочэ дащІыхь олимп ухуэныгъэхэм щылэжьэнущ. Псори зэхэту абы лэжьакІуэ мини 140-рэ щыІэнущ. ИрагъэкІуэкІыну ухуэныгъэ 218-м сом мелардиІ 195,3-рэ текІуэдзнущ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и адрей щІыналъэхэми ухуэкІуэ гупхэр Сочэ дэт олимп объектхэм ирашэлІэнущ. Абыхэмэ нэхъыбэу Іуэхум хашэнэр, ІэщІагъэлІхэм ь ы щ ы н э м ы щ І а у э , ІэнатІэнышэхэр. Дауи, ирагъэщІынри нэхъ лэжьыгэ хьэлъэхэщ.

ХЬЭТАУ Ислам.

●Ипщэ щІыналъэм щыхъыбар хэр

Къулыкъущ1эм и псалъэ

КУДРИН Алексей:

Илъэситі-щыкІэ дыщІэгуэзэн щыІэкъым

Дапщэщ кризисыр щиухынур? Сыт абы кьрикІуэнур? Пенсэ Іуэхум сыт хуэдэ зэхьэуэкІынигъэхэр игъуэтыну? А упщІэхэмэ иэтъуэщІ куэдмк «Аргументы и факты» газетым папщІэ жэуап пре Урысей Федерацэм и Правительствэм и МафэщІым и кьуэдзэ, финансхэмкІэ министр Кудрин Алексей.

Кризисым кІэухыр

- Щыхуабэр фІым щигъэгугъэныр Правительствэм иужьрей зэманым пщэрыльщащІауэ фІэкІа пщІэнукъым. Нэхъапэмэ апхуэдэу мыхъэмыкІэу щытащ, ауэ дыкьыІэрагъэгугъахэм щыщ куэд гъэзэщІа хьуауэ пхужьІэнукъым. Іуэхур ефІэкІу эжу, мыгувэу зыкъэдужьжьыну кьэрал унафэщІхэм зэрыжаІэр иджы ди фІэщ хьуи папщІэ сыт хуэдэ щэсыпІэхэр щыІэ?

- КьыІэрымыкъунур сщІэуэ сэ зыгуэрхэр кьэзгъэгугъэну сфІэфІкІыным. Девгъэгупсысыт зэгъэусэу: мазищ хьуауэ урысей экономикэм зыкъеІэт. Промышленностым кьыщалэжьыр, нэхъ мащІэ хьуа пэтми, ЕВП-м зэрыщыту хохьуэ. Абы кьокІ дэ иджыпсту экономикэм и лъабжьэ дыдэм дыщыІэу икІи дяпэкІэ зыкъэдужьжьыкІи щІэдзэну.

Кризисым КьухьэпэмкІэ кьыщыгтримыгъэзэжмэ, нобэрей гугъуехьхэм дапэльэщынущ. Нэхъ шынагъэр лэжьапІэнэшхэр зэрыкуэдырщ. ЩытыкІэ гугъуэм къыщІэкІыкІэ, предприятэхэм зыІэщІакъуэзэнущ. ИкІи, дуней псом экономикэм зыкъыщІэтыжу щІидзэми, лэжьапІэнэшхэм я бжьыгъэм иджырп илъэс псокІэ хэхьэнущ. Ди жагъуэ з эррыхьущи, Урысейми Іуэхур зэрыщыщытыр апхуэдэущ.

Нэхъ дызыгъэпІейтейхэм апхуэдэуи ящыщ ямыгъэІэпхъуэ мылькум и уасэр зэрехуэхыр. Абы кьокІ псэуалъэхэр я щэсыпІэу кредитэр зратахэм апхуэдизу кьызэрыламыкьфынур. Араущи, банкхэр бэлыхь хэхэунущ. США-м цІыху мин 200-м нэсым я унэхэр кьыщытрахащ, ипотекэ кредитыр зэрамыщыныкьыфым кьыкІыну. Ди деж а бжьыгъэр куэдкІэ щыІэнэхъ мащІэщ, ауэ зи псэупІэхэр зыфІэкІуэдхэр дэри диІэщ.

Пенсэхэр

- Социальнэ унэтІыныгъэ зиІэу жьыхуаІэ бюджетыр кьаштащ. Кризисым и лъэхъэнэм кьэрал куэдым щыкІэрагъэхъу бюджетым щыхэкІыу лэжьапІэ зратхэм я улахуэм, апхуэдэуи льготэхэр щагъэмащІэ. Ди деж абыхэм щыхагъахьэу. Апхуэдэ зэфІэкІ ди экономикэм пІэ хьэмэрэ щыхур уэрамым кьыдэмыкьэн щхьэкІэ «я жьэр яубыду» ара?

- СызэригугъэмкІэ, тІури Іуэхум хэпльэщ. Пенсэхэм хэгъэхъу эныр Правительствэм куэд щІауэ кьалэн зыщищІыжкащ. Пэжщ, а хьыбарыр иІэмІуа нэужь, кризисыр кьытхІэщІ зэзэрыхьащ. Абы щхьэкІэ кьэмынэу пенсэхэм хагъэхъуэнущ, сыту жьыпІэм иджыпсту а лэжьыгъэр зратэтІыльэкІмэ, иужькІэ яхуэмыгъэкъаруужьинкІэ хъунущ.

Налогхэр

- Иджыпсту зэрыщытым ху эмыдзу, псоми зэ хуэдизу ямыту, атІэ хэхьуэм и куэдаБыл ельытауэ налогхэм щытын хуеНу? кьэзыгъэуэрзэр кІуэ пэтми нэхъыбэ м эхъу, курыт классымрэ кьулейхэмрэ кьэрал бюджетым хуащІ хэлъхьэныгъэр апхуэдэ щІыкІэмэ драгъуеину...

- Абы зыри лъабжьэ иІэкъым, фейдэуэ къэралым кьыхуихьынурэ мащІэ дыдэщ.

Щ1ыдагъэр

- ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, бюджетым кьызэрыщыгъэлъэгъуам, псоми зэ хуэдизу щІыдагъэм и уасэр нэхъ лъапІэу щытынущ. Апхуэдэу кьэхьуэмэ, хэхьуэ лейр дэнэ зэкІэІнур?

- Дызыпэмыплъа хэхьуэ диІэмэ, Гъэтіылъыгъэ фондым нэхъ мащІэу дыхэІэбэнщ. СызэрригугъэмкІэ, дызыхуэкІуэ илъэсым щыІэнкІэ хъуну апхуэдэ мылькур здэтхьынур гъунэжщ. ЩІыхуэ къэщтэн хуей мыхъуарэт.

- 2030 гъэм ирихьэлІэу дунейм щыдагъэу кьыщыщІадзэм хуэдитІкІэ хэщІыну кьалытэ. АпщІондэхукІэ щыдагъэм и «мастэм» дыкьытекІыфыну?

- Дэ зэрыхуэдгъэфащэмкІэ, кьыщІадзэ щІыдагъэм и куэдагъэр ильэс кьэс процент 2-кІэ ехуэхыу щыщІидзэнур 2022 гъэрэщ. Ар куэдкІэ икІи кьыщыхьынур нэгъуэщІ щыщІадзэныгъэхэм я щІыдагъэм и уасэр зэрехуэхыр. Абы кьокІ псэуалъэхэр я щэсыпІэу кредитэр зратахэм апхуэдэу кьызэрыламыкьфынур. Араущи, банкхэр бэлыхь хэхэунущ. США-м цІыху мин 200-м нэсым я унэхэр кьыщытрахащ, ипотекэ кредитыр зэрамыщыныкьфым кьыкІыну. Ди деж а бжьыгъэр куэдкІэ щыІэнэхъ мащІэщ, ауэ зи псэупІэхэр зыфІэкІуэдхэр дэри диІэщ.

Сомым кьыщІэкІыр

- Иджыри дапхуэдизрэ сомыр кьэралым «зэрыдыІыгъынур»? Сыт упщІэ ахъшэм кьыщыщІынур, а «щІэгъэкъуэныгъэ» ІэщІэкІмэ?

- Иужьрей мазитІым сомыр кьэралым диІыгъыжкъым. Хамэ кьэрал валютэхэр кьыщащэ ху-щащэ жкІэ Банк нэхъыщхьэр щыхэзгъэзэн закъуэтІакъуэххэщ. Дауи, ар а Іуэхум хэкІыпакъым икІи, хуей хьумэ, сомым и пщІэр кьемыхуэхьын папщІэ кьэрал мыльку хилъхьэнущ. Иджыпсту Іэмалынышэу щымыту аращ - сомыр ешэр польэщ. ЗыкомкІэ - щыдагъэм и уасэр зэрыльагъэм и фІыгъэкІэ. Ауэ щыдагъэр нэхъ пуд хьумэ, сомым кьыщІэкІри ехьинущ.

Щ1ыдагъэр

- Щыхуэгъэр фІым щигъэгугъэныр Правительствэм иужьрей зэманым пщэрыльщащІауэ фІэкІа пщІэнукъым. Нэхъапэмэ апхуэдэу мыхъэмыкІэу щытащ, ауэ дыкьыІэрагъэгугъахэм щыщ куэд гъэзэщІа хьуауэ пхужьІэнукъым. Іуэхур ефІэкІу эжу, мыгувэу зыкъэдужьжьыкІи щІэдзэну.

Кризисым КьухьэпэмкІэ кьыщытримыгъэзэжмэ, нобэрей гугъуехьхэм дапэльэщынущ. Нэхъ шынагъэр лэжьапІэнэшхэр зэрыкуэдырщ. ЩытыкІэ гугъуэм кьыщІэкІыкІэ, предприятэхэм зыІэщІакъуэзэнущ. ИкІи, дуней псом экономикэм зыкъыщІэтыжу щІидзэми, лэжьапІэнэшхэм я бжьыгъэм иджырп илъэс псокІэ хэхьэнущ. Ди жагъуэ з эррыхьущи, Урысейми Іуэхур зэрыщыщытыр апхуэдэущ.

Нэхъ дызыгъэпІейтейхэм апхуэдэуи ящыщ ямыгъэІэпхъуэ мылькум и уасэр зэрехуэхыр. Абы кьокІ псэуалъэхэр я щэсыпІэу кредитэр зратахэм апхуэдэу кьызэрыламыкьфынур. Араущи, банкхэр бэлыхь хэхэунущ. США-м цІыху мин 200-м нэсым я унэхэр кьыщытрахащ, ипотекэ кредитыр зэрамыщыныкьыфым кьыкІыну. Ди деж а бжьыгъэр куэдкІэ щыІэнэхъ мащІэщ, ауэ зи псэупІэхэр зыфІэкІуэдхэр дэри диІэщ.

Пенсэхэр

- Социальнэ унэтІыныгъэ зиІэу жьыхуаІэ бюджетыр кьаштащ. Кризисым и лъэхъэнэм кьэрал куэдым щыкІэрагъэхъу бюджетым щыхэкІыу лэжьапІэ зратхэм я улахуэм, апхуэдэуи льготэхэр щагъэмащІэ. Ди деж абыхэм щыхагъахьэу. Апхуэдэ зэфІэкІ ди экономикэм пІэ хьэмэрэ щыхур уэрамым кьыдэмыкьэн щхьэкІэ «я жьэр яубыду» ара?

- СызэригугъэмкІэ, тІури Іуэхум хэпльэщ. Пенсэхэм хэгъэхъу эныр Правительствэм куэд щІауэ кьалэн зыщищІыжкащ. Пэжщ, а хьыбарыр иІэмІуа нэужь, кризисыр кьытхІэщІ зэзэрыхьащ. Абы щхьэкІэ кьэмынэу пенсэхэм хагъэхъуэнущ, сыту жьыпІэм иджыпсту а лэжьыгъэр зратэтІыльэкІмэ, иужькІэ яхуэмыгъэкъаруужьинкІэ хъунущ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Жэуэгъуэм и 5-м и щэджагъэ нэхъыбэм Осетие Ищхъэрэ-Аланием и кьалащхьэм щыпсэуахэм газ ебгъэрыкІуэныгъэр зищІысыр зыхащІащ.

Осетием и Бухенвальд

БУХЕНВАЛЪД и газ камерэхэм щаІыгъа концлагерым исахэм я фэм дэкІар ягъэунэхуащ владикавказдэсхэм. Аращ. Апхуэдизкъым масхэхэр напІэзыпІэм зэрапхъуащ. Щыхухэр гужьеиуэ уэрамхэм щызэхэзежэрт. Псоми зыщагъэпщкІурт кьызидикІар ямыщІэ газым гуащІэм. МщІэгузэвэни щыІэт - Джанаевымрэ Марковымрэ я уэрамхэм я зэхэкІыпІэм (ар кьалэм и курыкъупсэщ) тхъуэбзащхъуэм и диоксидрэ хлор водороду хьэуам хэпльар мардэм хуэдищкІэ щыщІигъурт. Адрей щыпІэхэм хуэдитхум щынэсси кхъхурт.

Я унэхэм зыщІадзэжу, жьыи псыи мыкІуэу бжэ-щхьэгъубжьхэзэр кьрагъэбыдэкІа нужькІэ, цІыхухэр кьеГъэпынкІмкІэ я Іэужьу зэрыщытыр щІадзащ. Абыхэм ткІийуэ я кьагъэувырт кьадэІэпыкъуну, кхъэуар кьыгурагъэІуэну.

Зэман дэкІаУэзщ наІуэ щыхъуар Осетие Ищхъэрэм и промышленностым и пашэ -Электрощинк- заводым щекІуэкІ ремонтым ар и Іэужьу зэрыщытыр: тхъуэбзащхъуэ-кислотнэ щхьэр щрагъэжьэжым, SO2 тхъуэбзащхъуэм и окисир дунейм кьытраутІыпщхьащ.

Мыгувэу а заводым кьыщызэрагъэпэща пресс-конференцым кьрихьэлІащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и правительствэм и унафэщІым и кьуэдзэ Базров Валентин, промышленностымкІэ, связымрэ хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкі министр Усков Александр сымэ, нэгъуэщІ кьулыкъущІ щыІэхэри. Абыхэм жаІащ цІыхум и узынщагъэм зэран хуэхъун хуэдэ щынагъуэ кьызэрыпыхьуар икІи «газ ебгъэрыкІуэныгъэм» кьиша Іуэхугъуэхэр зэрагъэзэжьужьыр. Лэжьыгъэ псори мы мазэр иухыукІэ зэфІэгъэкІыну пщэрылъ зыщащІыжащ.

БИТИЕВ Реваз.
«Северный Кавказ».

●Къэхъукъащ1э

●Узыпэмыплъа упщІэхэр

Владивосток Китайм бэджэнду иратыну?

Жылагъуэ Іуэху еплыкІэр зэгъэшІэныкІэ Урысейпсо центрым (ВЦИОМ) а упщІэм и жуэапыр зэригъэшІэн папщІэ иджыблагъэ щІэупщІэныгъэ иригъэкІуэкІащ. Илъэсищ и пкІэ щыІа бжьыгъэхэм кьадэкІуэу абы кьрикІуэхэр тыдодэ (проценткІэ).

ІэщІагъэхэр	2006 гъэ	2009 гъэ
Юрист, адвокат, прокурор	23	14
Хьэрычэтыщ	20	13
Банкир	14	11
Экономист, финансист	12	8
Къэрал кьулыкъущІэ	7	8
Дохутыр	5	7
Іуэхутхъэбзэ щащІэ (пщафІэ, сатуущІэ, парикмахер...)	5	5
Дзэм кьулыкъу щызыщІэ (милицэри МЧС-ри яхэту)	3	4
Унафэщ1, директор	4	4
ЩІыдагъэ кьыщІэзыш	3	4
Рабочэ (слесарь, токарь...)	1	4
Программист	4	3
ХуэакІуэ	3	3
Сурэтыщ1, дизайнер, артист	3	3
Бухгалтер	4	2
Менеджер	5	2
ЕгъэджакІуэ, спортсмен, риэлтор, таможнэм и лэжьакІуэ, дыгъу, лІыкІ	1	1
НэгъуэщІ зыгуэр	4	2

«Российская бизнес-газета»

●Щ1эущ1эныгъэ

Сыт хуэдэ Іэщ1агъэм хэхъуэ нэхъыбэ къыпэкІуэрэ?

Балъкъэр пшыналъэм и гуащэ

Зумакуловэ Танзиля Мустэфа и пхъур къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

Зумакуловэ Танзиля. *1979 гъэ*

Куэдкlэ сыщогугъ

БАЛЪКЪЭР усакlуэхэм я нэхъыбапlэм гъуазэ яхуэхъуар лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкlуэ пасэрей пшыналъэхэрщ. Абыхэм ухуаущий цlыхугъэм, къабзагъэм, щыпкъагъэм - ар къыбгурыlуэмэ, къыбдалъхуауэ уи лъым хэтмэ, итlанэщ лъэпкъым и усакlуэ цlэ лъапlэр щыпхуэфащэр, усакlуэ къалэмыр щыпхуэгъэбзэнур. Апхуэдэ цlэ лъапlэр зыхуэфащэхэм ящыщщ Зумакуловэ Танзиля.

Зи гупсысэр куу, зи псалъэр жан, зи псэр къабзэ усакlуэщ Танзиля. Арыншамэ, усакlуэ ухъунукъым, уи усэри цlыхум я деж нэсынукъым. А псом ухуэхеймэ, къалэмыр щlэбгъэбзэни щыlэкъым. Танзиля насыпыфlэщ, цlыхугъэмрэ пэжыгъэмрэ къыдалъхуащи. Ар щызыхыбощlэ абы и дэтхэнэ усэми.

Танзиля и усэхэм нобэ щыгъуазэщ къэрал псор, абыхэм я макъыр жыжьэ щыlуащ, ар ди усакlуэ цlэрыlуэхэм ящыщ зы хъуащ. Гугъуехь lэджэ зи нэгу щlэкla, гъащlэмрэ зэманымрэ я дыджыр мымащlэу зыгъэва балъкъэр лъэпкъыр иригушхуэ хъунущ Зумакуловэ Танзиля хуэдэ усакlуэ къызэрыхэкlам.

Балъкъэр цlыхубз усакlуэхэращ ди пасэрей пшыналъэхэм - гъыбзэхэм, уэрэдхэм я нэхъыбапlэр зи гущlэм къиlукlар. Ахэр зыусахэм я цlэр тщlэжыркъым дэ, я пшыналъэхэр ди зэманым къэсами. Абыхэм я щlэблэхэм ящыщщ Танзиля, абы и цlэр щыlуащ дуней псом - балъкъэр цlыхубз усакlуэхэм ящыщу апхуэдэ насыпыр япэ къызэуэлlар Зумакуловэ Танзилящ. Абы щхьэкlэ пщlэ лей хуэщlыпхъэщ ди усакlуэ телъыджэм - Танзиля. Лъэпкъ республикэхэм щыщу РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр япэ зыхуагъэфэщар Зумакуловэ Танзилящ - абы ирогушхуэ зэрылъэпкъыу.

Усакlуэм и гугъу щыпщlкlэ, псом япэрауэ, уи нэгу къыщlэгъэхьэн хуейщ ар къызыщалъхуа, япэ лъэбакъуэр щича лъахэр. Усакlуэм и нэкlэщ абы зэреплъын хуейр. Зи гур жан усакlуэ набдзэгубдзаплъэщ Танзиля, абы и усэхэм щыболъагъу Бахъсэн псыхъуэ и дахагъыр, псы уэрхэм я даущ макъыр, жыг домбейхэм я тхьэмпэ щхъуантlэм я щхъыщхъ макъыр щызэхыбох. Балъкъэрым зэи уимыхьами, Танзиля и усэхэмкlэ зыхэпщlэнущ ар зэрыщlыналъэ дахащэр. Ди псыхъуэхэм, ди къуршхэм ямытхьэкъу срихьэлlакъым сэ. Ахэр зи щыпэлъагъу ди хьэщlэхэм жаlэ: мыпхуэдэ щlыналъэ укъыщалъхуауэ, усакlуэ умыхъун плъэкlынукъым. Танзиля къызыщалъхуар Бахъсэн псыхъуэщ. Апхуэдэ насыпкlэ къыхуэупсащ абы Тхьэр. Езыми пщlэ къызытринакъым - а псыхъуэ дахащэм и пшыналъэщ Танзиля и усэхэр. Апхуэдэ лъахэм и усакlуэ ухъуныр насып тlуащlэщ - ар къеуэлlащ Танзиля.

И лъахэ къудейркъым Танзиля зыхуэусэр. Абы зэи зыщигъэгъупщэркъым и лъэпкъэгъухэм - балъкъэрхэм я гущlэлъапсэм къишхыдыкlын зэрыхуейр, аращ ар езы лъэпкъми щlигъафlэр. Усакlуэм зэи щыгъупщэркъым и лъахэмрэ и лъэпкъымрэ я щlыхуэ зэрытелъыр, абыхэм я гуфlэгъуи я гукъуэгъуи ядигуэшын зэрыхуейр. Ар къызэхъулlэ усакlуэщ Зумакуловэ Танзиля. Сэ си гуапэ дыдэщ, Танзиля нэхъыбэж къехъулlэмэ. Хузэфlэкlынумрэ и зэчиймрэ фlыуэ сыщыгъуазэщи, аращ Танзиля сэ куэдкlэ сыщlыщыгугъыр.

КУЛИЕВ Къайсын.
1983 гъэ.

Жьэгу пащхьэ

ТАНЗИЛЯ япэ дыдэ щыслъэгъуар Налшыкщ. Си шыпхъур сщlыгъути, аращ Танзиля сэзыгъэцlыхуар. Накъыгъэ махуэ бзыгъэт - сощlэж. Цlыхубз нэфlэгуфlэм ситхьэкъуащ сызэрыlуплъэу. Дауи, сэ сыщыгъуазэт абы и усэхэм, ауэ езыр зэи слъэгъуатэкъым. Япэ зэрыслъагъу лъандэрэ си гур ихьэхуащ Танзиля. Зэрыусакlуэм и закъуэкъым си гур щlихьэхуар. Апхуэдэ цlыхум уимытхьэкъун плъэкlынутэкъым - и гуапагъэрэ и цlыхугъэкlэ, и щэнрэ и щlыкlэкlэ. А псор дызолъагъу Танзиля ноби - ар зыми хэзгъэгъуащэркъым сэ. Апхуэдэщ Танзиля и усэхэри. «Цlыхубз усакlуэ» жаlэу щызэхэсхкlэ сыкъэмыуlэбжьын слъэкlыркъым. Усэр зи lэдакъэ къыщlэкlар цlыхубзми цlыхухъуми, абы елъытаlауэ сщlэркъым. Псори зэлъытар усэм хэлъ мафlэмрэ абы и купщlэмрэщ - хэт и гущlэм къиlукlами. Танзиля и усэр зи гурыщlэр куу, лlыгъэрэ цlыхугъэрэ зыхэлъ усакlуэм и гущlэм къиlукlащ. «Жьэгу пащхьэ lугъуэ», «Анэдэлъхубзэ», «Бгырыс усакlуэ хэр», «Даущыншэ», «Си псалъэ», «Псэм фытемыхьэлъэ», «Мывэ», «Си анэшхуэ», «Хамэ щlыналъэм» - Танзиля хуэдэ усакlуэщ а усэ дыгъэл дыдэхэр зи гущlэм къиlукlынкlэ хъунур. Аращ абы щхьэкlэ щlыжаlэр: «Ди Танзиля!» Щlыжаlэр абы и усэм псори итхьэкъуащ, псоми я гум къошхыдыкlри аращ.

КЪЭШЭЖ Иннэ.
1985 гъэ.

Къалэн нэхъыщхьэ

И УСЭ ПАСЭХЭМ ящыщ зым Танзиля щыжиlащ: «Сэ сынасыпыфlэщ, мы дунейм сытетщ, ар гурэ псэкlэ зыхызощlэри». Аращ усакlуэм и къалэн нэхъыщхьэр - дунеймрэ цlыхумрэ я гум щыщlэмрэ я псэр зыгъэхыщlэмрэ усэм и къарукlэ къыщlэгъэлъэн, а псор ди пащхьэ кърилъхьэн. Усакlуэм и къалэн нэхъыщхьэр щlэх дыдэ lупщl зыщищlащ Танзиля: къызыхэкla лъэпкъым хуэпэжын, абы и гуфlэгъуэри и гугъуехьхэри дэгуэшын, абы и тхыдэми и нобэми я пэжыпlэр lуэтэн - ар къызэхъулlэ усакlуэхэм ящыщщ Зумакуловэ Танзиля.

Дэ дропагэ Танзиля, дощlэ абы и фlыщlэр ди лъэпкъым и пащхьэм зэрыщылъагэр, ди гущlэращ ар къызэрыпсэлъыкlыр. Танзиля и дэтхэнэ усэ сатырми щызыхыдощlэ абы цlыхум хуиlэ лъагъуныгъэр, а лъагъуныгъэращ Танзиля и къалэмыпэм къыщlэкl дэтхэнэ усэми дамэ хуэхъур.

ТЕППЕЕВ Алим.

Танзиля Мейкъуапэ къалэм щохьэщlэ. Абы къыбгъэдэтхэщ Мэшбащlэ Исхьэкърэ Бэрэтар Хьэмидрэ. *1982 гъэ*

Къригъэжьар и кlэм негъэс

«Сыт ущlэщымыр? Иlэт, къызэпсалъэт».
ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля.

ИlЭ, ДЫЗЭГЪЭПСАЛЪЭ. Аlэми, щхьэусыгъуэ хъарзынэ диlэщ: нобэ уэ укъыщалъхуа махуэщ, уи ныбжьым щlэх дыдэ лъэщlыхьэжынущ си ныбжьри. Илъэс плlыщlым фlыуэ щlигъуащ дэ дызэрызэрыцlыхурэ. Икlи жытlэфынущ а зэманым къриубыдэу пэжыгъэрэ цlыхугъэрэ дяку дэлъауэ, тфlэгъэщlэгъуэну, ди гуапэу зым и лъэжыгъэм адрейр дыкlэлъыплъауэ.

Уэ псынщlэу зыбужьырт. Ар икlи гурыlуэгъуэт: ныбжькlэ ущlалэт, уемышу улажьэрт, усакlуэ lэзагъэ хъарзыни ббгъэдэлът. Ар сэ нэхъри си фlэщ хъурт, уи тхылъыщlэ дунейм къытехьэу седжэху. Ахэр щlэх-щlэхыурэ къыщыдэкlырт Налшыки Мэзкууи.

Сэ сщlэркъым балъкъэрыбзэ, ауэ уи лъэпкъэгъу си ныбжьэгъухэм къызжаlэрт уи усэхэр зэрыгъуэзэджэр. Ар сэри куэд щlауэ си фlэщ хъуат, урысыбзэкlэ зэдзэкla уи тхыгъэхэм щыгъуазэ зысщla нэужь.

Иджы, мис, нобэрей уи махуэ лъапlэм къезэгъыну къыщlэкlынщ уи усэхэр, абыхэм уэ уакъызэрыхэщыр сэ зэрызыхэсщlэр бжесlэну.

Умыгъэщlагъуэ иджыпсту бжесlэнур, Танзиля, ауэ сэ уи творчествэм хызолъагъуэ зы хьэлыфl. Сщlэркъым ар цlыхухъухэм езыхэм нэхъ яхэлъу къыщlалъытэр. Сэ жыхуэсlэр lущыгъэрщ. lущщ уи усэхэр, lущщ, ди бгырыс цlыхубзхэм я lущагъ яхэлъу. Абыхэм яхэлъщ lэзагъэшхуи. Аращ, шэч хэмылъу, къеджэм кууэ щlызыхищlэр уи усэхэм якlуэцlылъ гупсысэмрэ гурыщlэмрэ.

Уэ сыт щыгъуи и кlэм ныбогъэсыф къебгъэжьар. Тепщэ ухуохъуф псалъэм. Ар яхузэфlэкlыркъым усакlуэ псоми. Уэ жыпlэнур ныкъуэжыlэу зэи къэбгъанэркъым. Дэтхэнэ зы усэри гупсысэкlэ щыз уощlыф. Ар уи фlэщ ящl уи тхылъ псоми.

Усэ къэс уэ ущыхущlокъу ехъулlэныгъэ къэпхьыным. Дэтхэнэ усэри уотх, абы фlэкl дяпэкlэ уамыгъэтхэжын хуэдэу: уи къарури, lэзагъэри, уи псэри хэплъхьэу. Ар хьэлыфl дыдэщ. Апхуэдэу лъэжьэну зыхузэфlэкlри талантрэ ерыщагъ дахэрэ зыбгъэдэлъ цlыхурщ. Ауэ сытым хуэдэу гугъу апхуэдэу улэжьэныр! Итlани, псори пщогъупщэж, ехъулlэныгъэкlэ lуэхур зэфlэкlамэ. Апхуэдэ ехъулlэныгъэ уэ уиlащ мымащlэу. Сыхуейщ дяпэкlэ нэхъыбэж уиlэну. Сэ сощlэ: аращ усакlуэм и насыпыр.

ЗэрыжаlэмкIэ, поэзием ухыхьэныр нэхъ тыншщ абы укъыхэнэным нэхърэ. Сэ шэч къытесхьэркъым уэ уи lэдакъэ къыщlэкla тхыгъэхэм я нэхъыфlхэм Поэзие Иным увыпlэ зэрыщаубыдынум. Ирехъу апхуэдэу!

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Къайсын и псалъэр

ТАНЗИЛЯ и усэхэм щыгъуазэ сызэрыхъурэ куэд щlащ. Япэ дыдэ сыщеджа махуэм щыщlэдзауэ сатхьэкъуащ абыхэм. А махуэм лъандэрэ седжэ зэпытщ Танзиля и усэхэм - усакlуэм и зы тхылъи сытеплъэкъукlакъым нобэр къыздэсым. Седжэху къэси сызыlэпашэ Танзиля и усэхэм. Седжэху къэси си фlэщ мэхъу дэ усакlуэ телъыджэ къызэрыдбгъурыувар. Абы сыщыгуфlыкlащ сэ, зэи шэч къытесхьакъым ар усэм къызэрыхуигъэщlам. Куэд щlауэ си ныбжьэгъу Къайсын жесlауэ щытащ Танзиля и усэхэм сызэратхьэкъуар. «Танзиля куэдкlэ дызыщыгугъ усакlуэщ, - жиlащ Къайсын.- Абы гъуэгуанэшхуэ къыщlэлъщ, и цlэр жыжьэ щыlунущ, балъкъэр усэр дефlэкlуэнущ Танзиля и къалэмым».

Къайсын и псалъэр пэж хъуащ - Танзиля усакlуэ цlэрыlуэщ нобэ. Абы и щыхьэтщ Танзиля и къалэмыпэм къыщlэкlауэ дунейм къытехьэ дэтхэнэ усэ тхылъыщlэри. Семыджауэ абыхэм ящыщ зыи блэзгъэкlыркъым, уеблэмэ къытезгъэзэжурэ соджэри, защызгъэнщlыркъым - апхуэдизкlэ жанщ, купщlафlэщ, пкъыфlэщи.

Куэд игъэващ балъкъэр лъэпкъым - ар зигу имыху усакlуэщ Танзиля. И лъэпкъэгъухэм яшэчам Танзиляи игу зэщыуакlи губгъэн хуэпщl хъунукъым. Итlани, губгъэным тригъэкlуащ езым къыдалъхуауэ хэлъ гуапагъэр, хьэлэлагъыр, цlыхугъэр, къабзагъэр - ар щынэрылъагъущ Танзиля и усэхэм.

ГАМЗАТОВ Расул,
Дагъыстаным и цlыхубэ усакlуэ.
1995 гъэ.

Гамзатов Расул къыхуеблэгъащ. *1984 гъэ*

Iуащхьэмахуэ хуэдэ

УРЫС УСАКIУЭХЭМ, тхакlуэхэм - Пушкиным, Лермонтовым, Толстой, Маяковскэм, Есениным - езыхэм я лъахэм хуэдэу фlыуэ ялъагъуу щытащ Кавказыр. Ар зи щlасэ нэгъуэщl тхакlуэ куэдми я цlэр къипlуэфынущ. Абы щхьэусыгъуэ иlэщ - хуитыныгъэм и лъахэущ ар lэджэ щlауэ зэралъытэр.

Кавказым ис лъэпкъхэми я мащlэкъым я лъахэм и пщlэмрэ и щlыхьымрэ жыжьэ щызыгъэlуа усакlуэхэр, тхакlуэхэр - Капиев Эффенди, Щоджэнцlыкlу Алий, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кlыщокъуэ Алим сымэ, нэгъуэщlхэри. Цlэрыlуэ хъуащ кавказ бгырыс лъэпкъхэм къахэкla цlыхубз усакlуэхэри. Абыхэм ящыщщ балъкъэр усакlуэ Зумакуловэ Танзиля. Тхыдэ кlулей зиlэ бгырысхэм я пшыналъэращ Танзиля гъуазэрэ щапхъэрэ хуэхъуар. Зы псалъэ гуемыlуи, зы сатыр купщlэнши хэбгъуэтэнукъым абы и усэхэм, ахэр къиlукlащ цlыху гуапэм, жумартым и гущlэм - аращ бгырыс бзылъхугъэм и усэр, lуащхьэмахуэ хуэдэ, щlэбзыгъэр, щlэlупщlыр, щlэнэхур!

Танзиля и усэм щызыхыбощlэ абы цlыхум хуиlэ лъагъуныгъэмрэ гулъытэмрэ зэрыиныр, зэрыгъунапкъэншэр.

КУГУЛЬТИНОВ Давид,
Къалмыкъым и цlыхубэ усакlуэ.
1995 гъэ.

Танзиля и хьэщlэхэр: **Михалков Сергей** *(Москва),* **Карим Мустай** *(Уфа),* **Айтматов Чингиз** *(Бишкек). 1994 гъэ*

Зумакуловэ Танзиля и усэхэр

Си щlылъэ, фlыуэ узолъагъу

Мо уэшхыр и щхьэ зэрыхуит!
Къыщошх, хуейм, къуршым,
Хуеймэ - тафэм.
Ар къошх, хуейм, махуэ,
Хуейм - махуитl...
Аращ укъыщалъхуамэ уафэм!
Бэлыхь щlым къыщалъхуахэр хэтщ.
Мес псыежэхым, дэтщи нэпкъым,
И гъащlэр ехь хузауэ и пкъыр,
Лъэпощхьэпохэри и куэдщ:

Зэм къыпоувыр къыр мывэжьыр,
Зэм къыпогъуэлъыр жыг къэуар.
Зым къыпежыхь, зыр ирехьэжьэ...
Ещхьщ цlыхум и псэукlэм ар.

Си плъапlэм, семыхьауэ гугъу,
Лъэlэскъым зэи си lэр. Ауэ,
Нэгъуэщlкъым тыншыпlэ сыхуэмейуэ,
Си щlылъэ, фlыуэ узолъагъу!

* * *

- Сытым, гуауэ, сэ укъысхуихьа уэ,
Щхьэ си жьэгум укъыдэбжьэхъуа?
- Фи бжэlупэм арт сыныlухьауэ,
Занщlэу къыlупхащ унэбжэр уэ.

- Жыlэт, хъунум, гуфlэгъуэ, уэ дауэ
Си жьэгу хуабэр къызэрубгынар?
- Уи унэбжэ хуlупхар уэ гуауэм
Игъэузэщlыкlауэ къэбгъэнат...

Зэзыдзэкlар БИЦУ Анатолэщ.

Сыхъутэкъым я фlэщ

Судыщlэ ткlийуэ сиlар мащlэ!
Зы махуэ закъуи дэмыкla,
Сэ, хъыджэбз цlыкlум, гущlэгъу схуащlу
Жагъуэгъухэр си ужь щикla.

Сегугъуу сыпщlэрт сэ ди хадэр,
Дыгъэ жьэражьэми сыкъист,
Итlани жаlэрт: «И псэщ уядэм!-
Упщlэнщ уи закъуэ апхуэдиз!».

Си ныбжьэгъу цlыкlухэр къызэфыгъуэрт-
Си щхьэцыр гъуму ухуэнат:
«Ди фlэщ ар хъуну щхьэ уи гугъэ! -
Щхьэц лей щыхэпщlэм дэ тлъэгъуат...».

Си щхьэцыр, сыгъти, къэзутlыпщырт,
Езгъэлъагъуну сызэрейр,
Итlани ящlырт ину lупщlэ:
«Хэпхыжагъэнщ хэлъа щхьэц лейр...»

Си нэкlущхьитlыр дыхьэрэнти,
Аргуэру сыхъутэкъым я фlэщ:
«Сэхусэплъыр гъуамэм и хьэрэмкъым,
Дэкlуэну зызэрегъэпэщ!».

Сызэгуэпауэ, сыгъынанэу,
Сабыныр къасщтэрти, зыстхьэщlт,
Арщхьэкlэ нэкlур плъыжьу къанэрт,
Итlани, пцlы сыупс къафlэщlт.

Си япэ усэм си ныбжьэгъухэм
Сакъыхуеджати - дэнэт ар! -
Я фlэщ хъуххакъым къедэlуахэм
А усэр сэ зэрысхуэтхар.

...Блэкlащ илъэсхэр. Къызэфыгъуэу
Иджы lущащэркъым зы цlыху,
Щхьэц лей, хидзауэ мащlэу тхъугъэ,
Хэсщlауэ жаlэу... Кlуэцlырыху!

Гъуэжьыфэ мащlэ щlэлъэдауэ
Си нэкlу ялъагъукlи жамыlэж
Зысщlыну дахэ сыхэтауэ...
Лэдэххэм къоплъри заущэхуж.

Фыгъуэнур куэдми, сыту фlыщэт,
Иджы си щхьэцыр lув хъужам,
Жаlэну щытми щхьэц лей пысщlэу,
Сиlа дахэгъуэм сихьэжам,

Аргуэру цlыхухэм я фlэщ мыхъуу
Ягъэщlэгъуатэм усэ стхар,
Сэ къысфlэщlынут къысхэхъуауэ
Насыпу щlылъэм щызекlуар!

Зэзыдзэкlар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

Бгырыс цlыхубз усакlуэхэр

Си хэкуу зи къыр уардэхэр, зи уэсыр
Игъащlэ лъандэм щыму къекlуэкlам
Хабзэу щыlакъым цlыхубз итхыу усэ -
Сэращ а лъагъуэр япэу хэзышар...

Апхуэдэу жаlэ. Ар си фlэщ зэи хъуакъым.
Уэрэду, усэу, гъыбзэу сыт хуэдиз
Ягу илъ, - ахэр къаlуэтэн хуитакъым,
Мо гъэхэм цlыхубз дапщэ си хэку ист?!

Усакlуэу щыlэм я нэхъ усакlуэжу
Сыт хуэдиз си шыпхъу дунейм ехыжа?
Дауэ жыпlэн щытауэ ахэр къуаншэу -
Ди хабзэм емыбакъуэхэу арат.

Си нэгу щlэтщ а си шыпхъу зэгуэр псэуахэр,
Абыхэм я гыз макъри сфlощl зэхэсх,
Усэ сатыр пщохъу нэпсу къащlэжахэм
Я нэlухэм щытыращlэкlэ лъэдэх.

Сызыщытхъужкъым, ауэ си шыпхъуфlхэ,
Сэ нобэ сыщхьэхуитщ. Схуэныкъуэр зыщ:
Дунейм усакlуэу тетхэм я нэхъыфlхэ,
Фигу илъар схуэlуэтэжмэ, си насыпщ.

Икlи арщ сигу мызагъэу усэ къэскlэ
Псэкlэ щlызесхуэр. Моуи согупсыс:
Ноби жысlэнум, сщlэнум сыщыхуиткlэ,
Стхынкъым си шыпхъухэм фщымыхъун гунэс.

Зэзыдзэкlар ЕЛГЪЭР Кашифщ.

Гурэ псэкlэ лъэпкъым хуолажьэ

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс 75-рэ ирикъуа балъкъэр усакlуэшхуэ Зумакуловэ Танзиля и творчествэмкlэ пасэу цlэрыlуэ щыхъуащ ди республикэми, Урысейми, къэралыгъуэшхуэу щыта Совет Союзми. Абы и усэхэр къыщытрадзэ хамэ къэрал куэдми. Апхуэдэу щlыщытыр, апхуэдиз гулъытэ Танзиля щlигъуэтыр ар езым и гупсысэкlэрэ и дуней еплъыкlэрэ зиlэж усакlуэ нэсщи аращ. Зумакуловэр ирагъэщхь узбекхэмрэ ермэлыхэмрэ я бзылъхугъэ усакlуэ телъыджэхэу Зульфия (Исраиловэ) Капутикян Сильвэ сымэ - ахэр дуней псом щыцlэрыlуэ тхакlуэшхуэхэщ. Къыжыlэн хуейщ Танзиля абыхэм къакlэрымыху усакlуи жылагъуэ лэжьакlуи зэрыхъуар: ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ усакlуэщ, ди республикэм и Къэрал саугъэтми М. Горькэм и цlэкlэ щыlэ Урысей саугъэтми я лауреатщ. Абы къыхуагъэфэщащ ди къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапlэхэм ящыщ куэди. Зумакуловэ Танзиля СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи щытащ.

А псори зи творческэ ехъулlэныгъэхэмкlэ, зи цlыхугъэрэ дуней тетыкlэкlэ къэзылэжьа Танзиля 1934 гъэм Бахъсэн аузым къыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэр хиубыдащ зауэ илъэс гугъухэм, иужькlэ гуащlэрыпсэухэр зыхэта псэукlэ хьэлъэри и нэгу щlэкlащ. А псом нэмыщlыж, Танзиля игъэващ залымыгъэ зрахыу зи лъахэм ирашауэ щыта балъкъэр лъэпкъым и фэм щlыпlэ жыжьэхэм щыдэкlа хьэзаб псори. Ауэ, сыт хуэдизкlэ и сабиигъуэ дунейр дыджу щытами, lэзагъэрэ зэфlэкlкlэ Алыхьыр зыхуэупса Танзиля пасэу, школым щlэс щlыкlэ усэхэр итхыу щlидзащ. Пэжщ, зэрыжаlэщи, щащlалэгъуэм деж псоми загъэусакlуэ. Арщхьэкlэ зэманым зэхегъэкl усэным ириджэгуу щытахэмрэ ар lэщlагъэ зыхуэхъуауэ гукlи псэкlи абы зи гъащlэ псор анэмэт хуэзыщlынухэмрэ. Мис а иужьрейхэм ящыщт Зумакуловэ Танзиля - ар зыхуэпсэури щlэпсэури пасэ дыдэу lэпэгъу къыхуэхъуа усыгъэращ, емыпцlыжу, абы хуэлажьэу и дуней гъащlэр ехь. Усыгъэмрэ Танзилярэ я псэр зэтауэ, зэхуэпэжу къызэдогъуэгурыкlуэ.

Творческэ ехъулlэныгъэхэмрэ цlыхушхуэхэм я щытхъухэмрэ зи щхьэр ягъэуназэ, ягъэжьакъуэ усакlуэхэм ящыщкъым Зумакуловэ Танзиля. Тхылъ lэджэ къыдигъэкlащ абы, тхакlуэ цlэрыlуэхэми, критикхэми, къызэрыгуэкl гуащlэрыпсэухэми псалъэ гуапэ куэд къыхужаlащ. Ищlэр зыщlэж, гъэсэныгъэ тэмэм зыгъуэта, зыкъызыфlэмыщlыж усакlуэщи, ар гукlэ, псэкlэ хуолажьэ къызыхэкla лъэпкъым и цlэр, и пщlэр lэтыным. Абыкlэ зыдэплъеин иlэт Танзиля: Мечиев Кязимрэ Кулиев Къайсынрэ хуэдэ зи шу пашэ балъкъэр литературэм къызэпич гъуэгуанэр щlыхь пылъу къикlуащ Зумакуловэми. А усакlуэ гъуэзэджэхэм уадэплъеин, абыхэм шу гъусэ уахуэхъун папщlэ, куэд уеджэн, узыщымысхьыжу улэжьэн зэрыхуейри зыщигъэгъупщакъым Танзиля: еджащ, лэжьащ. Дауи, и творчествэм зиузэщlынымкlэ куэдкlэ къыщхьэпащ Литературэ курс нэхъыщхьэхэм щlэсу Мэзкуу щыщыlа илъэсхэм щыгъуэ щlиджыкla тхылъхэри зи жыlэ едэlуа тхакlуэшхуэхэри - аращ акъыл зиlэм акъыл къелъыхъуэ щlыжаlэр.

Балъкъэрыбзэкlи, урысыбзэкlи, нэгъуэщl бзэхэмкlи тхылъ зытlощlрыпщl къыдэзыгъэкla, зи усэхэр «lуащхьэмахуэ» журналми, «Адыгэ псалъэ» газетми щlэх-щlэхыурэ къытехуэ Зумакуловэ Танзиля дяпэкlи и творческэ ехъулlэныгъэхэмкlэ дигъэгуфlэу куэдрэ тхуэузыншэну, тхуэпсэуну сохъуэхъу.

ЕЛГЪЭР Кашиф.

ТАНЗИЛЯ и усэхэм япэ сыщрихьэлlар журналхэмрэ газетхэмрэщ. Ахэр уи нэм къыфlэмынэнкlэ lэмал иlэтэкъым - щlэщыгъуэу къысщыхъуащ сызэджа усэхэм я нэхъыбапlэр. 1965 гъэм къысlэрыхьащ Налшык къыщыдэкla зы тхылъ цlыкlу - «Дым очага». У сэ щэщl хуэдизрэ поэмитlрэ итт абы, урысыбзэкlэ зэдзэкlауэ. Епlэщlэкlыу зэрадзэкlаи хэтагъэнщ абыхэм, ауэ сыщеджэм къызгурыlуащ ахэр усакlуэ набдзэгубдзаплъэм и къалэмыпэм къызэрыщlэкlар.

Зи гугъу сщlы тхылъым къыкlэлъыкlуащ Танзиля и усэхэр щызэхуэхьэса нэгъуэщl сборникхэри - ахэр нэхъ щlагъуи нэхъ щlэщыгъуи къызэрысщыхъуар сыбзыщlынкъым: Танзиля и усэ макъым кlуэ пэтми зэрызиушэщlым, зэрызэрыубыдым щыхьэт техъуащ ахэр. 1974 гъэм Москва къыщыдэкla «Сокровенность» тхылъыр къахэзгъэщхьэхукlынут а псоми - ар Танзиля и тхылъхэм я нэхъыфl дыдэу солъытэ. Ар щlыжысlэр адрей тхылъхэр («Радуга над домами», «Молчание», «Старой песни новая строка», «Весна в горах», н.) ядэзгъ уэlауэ аракъым. У сакlуэм и lэдакъэ къыщlэкl усыгъэ псори зэхуэдэ хъуркъым - аращ литературэм щыхабзэр.

Гукъеуэми къагъэщl

Танзиля мыпхуэдэ псалъэ къызжиlауэ щытащ: «У сэр къэзыгъэщlыр гуфlэгъуэмрэ гухэхъуэгъуэмрэ я закъуэкъым. Усэм я нэхъыфlыр цlыхум и гукъеуэм, абы и нэгу щlэкla гугъуехьхэм къагъэщl. Дунейм къуаншагъэр, мыгъуагъэр, залымыгъэр щызекlуэху, цlыхум тыншыгъуэ иlэнукъым, гуныкъуэгъуэмрэ хьэзабымрэ хэкlынукъым, итlани, абыхэм зрагъэхь, гъащlэр къаlэщlэужагъуэ хъунукъым. Псом хуэдэжкъым усакlуэр - ар сыт хуэдэ бэlутlэlуми пэлъэщын хуейщ: апхуэдэ гуащlэ хэмылъмэ, усакlуэм и псалъэр цlыхум деж нэlусынукъым. Усакlуэм и къалэнщ цlых ур фlым хуриджэну. Гуауэмрэ гурыфlыгъуэмрэ, lущыгъэмрэ цlыхугъэмрэ щызэрыlыгъщ усакlуэм и псалъэм. Сэ зэрыслъытэмкlэ, усэр лъагъуныгъэщ - уи лъахэм хуэпщl гулъытэщ, цlыхур фlыгъуэ лэжьыным къызэрыхуебджэ псалъэщ».

Танзиля и псалъэм х эбдз хъун хэслъагъуэркъым.

БАРУЗДИН Сергей,
СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат. 1984 гъэ.

Езым и нэпкъыжьэ

УСАКIУЭМ и насыпщ, абы и псалъэр цlыхум зэхащlыкlмэ. Ари мащlэщ: усакlуэм и псалъэм цlыхур къызэщlиlэтэн, ар иузэщlын, итхьэкъун хуейщ. Апхуэдэщ Танзиля и усэр - абы и псалъэм апхуэдэ къару хэлъщ. Танзиля и псалъэр lупщlщ, гъэхуащ, шэрыуэщ, аращ ар гукъинэ щlэхъур, ущlызэщlиlэтэр, къыщlыбдэгъуэгурыкlуэр.

Танзиля и усэр нэгъуэщlым хэгъуэщэнукъым, дэнэ ущрихьэлlэми, ар Танзиля и къалэмыпэм къызэрыщlэкlам шэч къытепхьэнукъым. Езым и нэпкъыжьэ телъщ Кавказым ипхъу усакlуэм и дэтхэнэ усэми - аращ ар псоми къахэзыгъэщыр. Дауи, ар къызэхъулlэнкlэ хъунур усэм къыхуалъхуа цlыхурщ - апхуэдэ усакlуэхэм ящыщщ Танзиля. Абы и усэр цlыхум йотэ lущыгъэкlэ, къабзагъэкlэ, гуапагъэкlэ - а псор Танзиля къезытар езым и лъэпкъырщ. Лъэпкъ гъунапкъэхэм щхьэдэхын хузэфlэкlащ Танзиля и усэм, ар лъэпкъ псоми ди зэхуэдэ хъугъуэфlыгъуэ зэрыхъурэ куэд щlащ.

ЗУЛЬФИЯ,
Узбекистаным и цlыхубэ усакlуэ.

Гу зылъытапхъэхэр мащIэкъым

●Абы дегъэпIейтей

Урысейм и къэрал унафэщIхэми гулъытэншэу къагъанэркъым гъуэгухэм щыщыIэ щытыкIэр икIи фIы и лъэныкъуэкIэ абы зегъэхъуэжыныр зи пщэрылъ IэнатIэхэм къалэн пыухыкIахэр хуагъэуващ.

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ блэкIа мазибгъум гъуэгу насыпыншагъэу 146.708-рэ къыщыхъуащ. Абыхэм цIыху 18.484-рэ хэкIуэдащ, мини 183-м щIигъум фэбжь ягъуэтащ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэм и гъуэгухэм къыщыхъу бэIутIэIухэр нэгъабэ елъытауэ процент 12,8-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ. Мазибгъум щыIа зэжьэхэуэ 509-м цIыхуи 158-рэ хэкIуэдащ, 660-м фэбжь ягъуэтащ.

Апхуэдэ бжыгъэхэр къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м щыIэ МВД-м ГИБДД-мкIэ и управленэм дызэрыт илъэсым и мазибгъум я лэжьыгъэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжа зэIущIэм. Абы къыщаIэта Iуэхугъуэхэм япэ игъэщыпхъэу къыщыхагъэщар гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр къызэгъэпэщыпырщ.

Иужь зэманым Урысейм и гъуэгухэм автомашинэхэр куэд щыхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху мин 900 щыпсэумэ, автомашинэхэр мин 200 мэхъу. Зы лъэныкъуэкIэ ар и нэщэнэщ цIыхухэм я псэукIэр зэрефIакIуэм. АрщхьэкIэ, гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэр нэхъыбэ зэрыхъум, абы хэкIуадэхэм, фэбжь хэзыххэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм уимыгъэпIейтейуэ къанэркъым.

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIа зэIущIэм УГИБДД-м и унафэщI **Къудей Арсен** кърихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ дызэрыт илъэсым республикэм и гъуэгухэм къыщыхъуа насыпыншагъэхэр зыхуэдизымрэ абы кърикIуахэмрэ. Нэхъыбэу ахэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэм, авариехэр гъэмэщIэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ къытеувыIащ.

Авариехэм ящыщу 113-р къыщыхъуар «Кавказ» федеральнэ гъуэгурщ, абыхэм цIыху 50 хэкIуэдащ. ЩытыкIэр нэхъ щыгугъущ Шэджэм, Лэскэн куейхэм, абыхэм къыщыхъуа насыпыншагъэхэм цIыху нэхъыби хэкIуэдащ.

Зэжьэхэуэхэм я нэхъыбэр къыхэкIащ рулым дэсхэм гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэрызэпаудам . Насыпыншагъэхэм ящыщу 69-р шофер тхылъхэр ямыIэу транспорт зезыгъакIуэхэм я зэранкIэ къэхъуащ.

Къызэрак1ухьын хуей псынщIагъым щIезыгъэгъуэхэри чэфу рулым дэтIысхьэхэри куэдщ.

Гъуэгухэм я щытыкIэр зэрымыщIагъуэм къашэ насыпыншагъэхэри мащIэкъым. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр абыхэм кумбхэр зэраIэрщ, ахэр тэмэму къызэрамыгъэнэхурщ, я бгъуагъыу щытын хуейм къызэримытIасэрщ, нэгъуэщIхэрщ.

Транспорт дисциплинэр ирагъэфIэкIуэн, республикэм и гъуэгухэм къыщыхъу насыпыншагъэхэр ягъэмэщIэн, ныкъусаныгъэхэр къыщIагъэщын мурадкIэ, республикэ милицэм и УГИБДД-м профилактикэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Президентым и Аппаратым, КъБР-м и Парламентым, ССП-м, Наркотикхэм ебэнынымкIэ IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм, СМИ-м я лIыкIуэхэр, Жылагъуэ советым щыщхэр хэту.

УГИБДД-м къалэхэмрэ муниципальнэ куейхэмрэ щыIэ и къудамэхэм я лIыкIуэхэр мазибгъум зэфIагъэкIахэм, нэхъ зыгъэпIейтейхэм зэпкърыхауэ къытеувыIащ. Я лэжьыгъэм халъагъуэ ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжа хъуным теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуэну абыхэм зыхуагъэзащ, упщIэ куэди иратащ инспектор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэу **Тэтрокъуэ Арсенрэ Эристаев Абдурахманрэ**.

ЗэIущIэм щекIуэкIа псалъэмакъым къызэрыхэщамкIэ, стационар гъуэгу-плъыр постхэм къищынэмыщIа, апхуэдэхэр къыщызэгъэпэщыпхъэр щытыкIэ хэхам и дежщ. Сыту жыпIэмэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэри зыхуей псомкIи, къалэным пэрытхэм я шынагъуэншагъэри хыхьэу, къызэгъэпэщауэ щытыпхъэщ. АрщхьэкIэ, языныкъуэ щIыпIэхэм ахэр къащыфIэмыIуэху къохъу.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм 2009 гъэм и еплIанэ мазищым теухуа къалэнышIэхэр иубзыхуащ. УГИБДД-м и унафэщI Къудей Арсен гъуэгу-плъыр къудамэхэм я ныкъусаныгъэхэм гу лъаригъэтам и мызакъуэу, ахэр гъэзэкIуэжын и лъэныкъуэкIэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр зэфIагъэкIыну ткIийуэ яхуигъэуващ.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа Къудей Арсен къызэрыхигъэщащи, щытыкIэр егъэфIэкIуэныр къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэмрэ властхэм я закъуэкIэ зэфIэкIынукъым. Абы ирипIейтеин хуейщ рулым дэсхэри, лъэсырыкIуэхэри, зэрыщыту жылагъуэри.

УАРДЭ Жантинэ.

●Пшыхь

Бжьыхьэ усэхэр

«Пхуэмыухыу узыхэт Iуэху къомыр хыфIэдзи, къалэ жыг хадэ нэхъ гъунэгъум псынщIэу кIуэ, мы бжьыхьэ дыгъэпс дахэм гу щумыхуэу блумыгъэкI!» - жиIэу укъыхуриджэми ярейт иджыблагъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекIуэкIа пшыхь гъэщIэгъуэным. Иужьрей зэманым лъэпкъ щэнхабзэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр зи щхьэусыгъуэ зэIущIэ нэхъыбэ зэхэзышэ, цIыху кIуапIэ хъуа адыгэ театрым иджыри къэс щекIуэкIа псоми зи гугъу тщIыр къахэзыгъэщыр ар усэ пшыхьу зэрыщытарщ - ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей театрым и актерхэр къеджащ бжьыхьэм теухуауэ адыгэ усакIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIахэм щыщхэм.

- МащIэщ иджыпсту тхылъ еджэхэр, нэхъ мащIэжщ усыгъэм дихьэххэр, абы куууэ хэзыщIыкIхэр, - жиIащ усэ пшыхьыр езыгъэкIуэкIа режиссер Гумэ Маринэ, зэIущIэр къыщызэIуихым. - Илъэс зытIощIрыпщI и пэкIэ узэIэбэкIыжмэ, усэр фIыуэ зылъагъухэр мис мыпхуэдэ пщыхьэщхьэкIэрэ зэхуэсу, усэщIэхэм къеджэу, уэрэдхэр жаIэу, пшыналъэхэм едаIуэу зэхэсу щытащ. Ныщхьэбэрей ди зэхуэсымкIэ апхуэдэ пшыхьэр дигу къэдгъэкIыжынщ икIи дызэхуэупсэнщ дыгъэм и хуабагъыр, цIыхум и Iущагъыр, уэшхым и къабзагъэр къэзылъытэ, къэзыбж бжьыхьэмкIэ.

Бжьыхьэр щынэщхъей ми, щыуэлбанэрилэми, щы дыщафэми, щыдыгъэпсми, дахапIэхэр и куэдщ, абы и налъэ зэмыфэгъухэм усакIуэхэм къыхаха гурыщIэхэмрэ гупсысэхэмрэ усэбзэм къызэриIуатэм драгъэдэIуащ адыгэ театрым и артистхэу Къэжэр Борис, Хъыдзэдж Борис, КIэмыргуей Валентин, Мысост Вадим, ТыIэщ Маринэ, Мэкъуауэ ФатIимэ, ТхьэщIыгъуей Жаннэ, КIэхумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд сымэ. Ахэр къеджащ Ацкъан Руслан, Абазокъуэ Къантемыр, IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Джэдгъэф Борис, ГъущIо Зариф, Къуныжь ХьэIишэт, Къаныкъуэ Заринэ, ПщыукI Латмир сымэ я усэхэм. Усэ пшыхьыр ягъэдэхащ Уэтэр МуIэед, Бесльэней Ренатэ, Къул Амир зи унафэщI «Амикс» гупымрэ Къул Ланэрэ ягъэзэщIа уэрэдхэм, «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым и солисткэ Битокъу Оксанэ и къэфэкIэм.

Зи гугъу ящIым теухуат театр утыкум и къызэгъэпэщыкIэри: къалэ жыг хадэм и зы плIанэпэ уи нэгу къыщIагъэхьэрт сценэм ит тетIысхьэпIэмрэ бжьыхьэ тхьэмпэ дыщафэхэм «къыхэщIыкIа» алэрыбгъумрэ, ауэ блыным фIэлъ сурэтылъэ нэщIымрэ абы пэмыжыжьэ Iэнэм тет шэху уэздыгъэхэмрэ пэш кIуэцI нэщхъеирилэм «ущIашэжырт»…

Бжьыхьэ усэхэр сыт щыгъуи нэщхъеифэми, пщыхьэщхьэр зэшыгъуэ зэрымыхъуным хущIэкъуащ абы и къызэгъэпэщакIуэхэр. Мыбдеж Iэмал имыIэу къыхэгъэщыпхъэщ усэ пшыхь егъэкIуэкIыныр жэрдэм зыщIар иджыблагъэ къэунэхуа «Жан» зыфIаща зэгухьэныгъэрауэ зэрыщытыр. «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ цIэрыIуэ Къаныкъуэ Заринэ зи пашэ а гупым яча япэ лъэбакъуэу аращ усэ пшыхьыр къызэгъэпэщыныр. ЗэгухьэныгъэщIэм и мурадхэм, япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэм, и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэм щхьэхуэу тепсэлъыхьын хуейуэ къыщIэкIынщ, ауэ зэкIэ жыпIэмэ, «Жаныр» цIыхубзхэм я республикэпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэщ, и IуэхущIафэхэри нэхъыбэу зыхуэунэтIар щэнхабзэм, гъуазджэм хуэлажьэ бзылъхугъэхэмрэ сабий зэчииифIэхэмрэ ядэIэпыкъунырщ.

Усэхэм къеджэхэмрэ уэрэдхэр жызыIэхэмрэ чэзууэ утыкум щызэблэкIыу, зэм «уэшх къешхыу», зэми «дыгъэ бзийхэр щIым щылъ тхьэмпэхэм хэджэгухьу», бжьыхьэм и теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэр нэгум къыщIагъэхьэрт артистхэм. Гумэ Маринэ бжьыхьэ мазэхэм халъхуахэм ящыщу ди лъэпкъ щэнхабзэм нобэ хуэлажьэхэм я гугъу щищIым, къыхигъэщащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Мэшыкъуэ Феня, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер, тхакIуэ, усакIуэ Лыкъуэжь Нелли, актрисэ ТыIэщ Маринэ, уэрэджыIакIуэ Кърым Иринэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Балъкъэр Тамарэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Тут Заур, усакIуэ, тхакIуэ Елгъэр Кашиф, композитор Молэ Владимир, щIэныгъэлIхэу Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Къарэмырзэ Барэсбий, усакIуэ, тхакIуэ Джэдгъэф Борис, усакIуэ Къэжэр Петр, сурэтыщI Пащты Герман сымэ я цIэхэр.

- Жэпуэгъуэм и 22-м и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд, - жиIащ Гумэм. - Бжьыхьэм хеубыдэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI Мадинэ, художник-модельер Сэралъп Мадинэ сымэ къыщалъхуа махуэхэр. Сэралъп Мадинэ и гугъу щытщIакIэ, фыщызгъэгъуэзэну сыхуейт мы бжьыхьэм абы къылъыкъуэкIа Iуэху дахэхэм – дунейм къытехьащ адыгэ фащэм теухуауэ Сэралъпым итха монографиер, и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Санкт-Петербург дэт Урысей Этнографие музейм къыщызэIуах. Ар зи ехъулIэныгъэр Мадинэ и закъуэкъым, атIэ лъэпкъым и дежкIэ икъукIэ пщIэшхуэщ, - жиIащ Гумэ Маринэ икIи гуапэу ехъуэхъуащ щэнхабзэм, гъуазджэм, литературэм, щIэныгъэм ирилажьэу, къэрал къулыкъу ирихьэкIыу лъэпкъым и зэIузэпэщымрэ и къэкIуэну дахэмрэ Iуэху хуэзыщIэ дэтхэнэми ехъулIэныгъэ яIэу адэкIи къэгъуэгурыкIуэну.

Усэ пшыхьым цIыху куэд кърихьэлIат. Ар бгъэщIагъуэ хъуну къыщIэкIынт щэнхабзэ, гъуазджэ лъапIэныгъэхэм, литературэ хъугъуэфIыгъуэхэм гу лъатэну хунэмысхэр щынэхъыбэ ди зэманым. Ауэ, зи гугъу тщIы псэкупсэ беягъхэр лъэпкъым зэригъэпэщынтэкъым, хьэуам, псым, ерыскъым хуэдэу, цIыхур зыхуэныкъуэ пкъыгъуэу ахэр щымытамэ. Апхуэдэ зыгуэру къыщIэкIынщ а пщыхьэщхьэм къызэхуэсахэр театрым езышэлIар. Зы дакъикъэ зэшыгъуэ къызэрыхэмыхуам и гугъу умыщIыххи, усэ пшыхьым хухаха зэманыр псоми къемэщIэкIат - сыхьэтым нэблагъэ екIуэкIауэ арат «мащIэрэ IэфIу» жыхуиIэ пщалъэм тету ягъэхьэзыра теплъэгъуэр.

- ЩIымахуэр зэхудипIалъэщ, - жиIащ Гумэ Маринэ, пшыхьыр щызэхуищIыжым, - гъэм и зэманхэм ятеухуа усэхэм къыщеджэ пщыхьэщхьэщысхэм къыпащэну зэрамурадыр къыхигъэщу.

НЫБЭЖЬ Таисэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КIэхумахуэ ФатIимэ.



КIэмыргуей Валентин.



Мэкъуауэ ФатIимэ.

●КъБР-м и прокуратурэм

ЕIуящIагъэм зыхуишэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэхэм судхэм хуагъэхьащ къуаншэхэм ахъшэ ирагъэтыну къэзыгъэув тхылъхэр.

IУЭХУЩIАПIЭХЭМ я лэжьыгъэр къызэпаудын, хабзэхъумэхэр ягъэщхьэрыуэн мурадкIэ, КъБР-м и МВД-м телефонкIэ псалъэрти, бзаджащIэхэм пцIы яупсырт, зыгуэрхэм лагъымхэр къагъэуэну загъэхьэзыр хуэдэу жаIэурэ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэжэкъуа хабзэхъумэхэр хуагъэлъэгъуа щIыпIэм кIуэрт, куэдрэ лъыхъуэрт, ауэ лагъым гуэри ягъуэтыртэкъым. А псоми хэщIыныгъэ къашэрт.

Иджы къуаншэхэм уголовнэ жэуапым зэрыраша1Iэм и мызакъуэу, мылъкукIи етхьэкъунущ.

Сабийхэм я хуитыныгъэхэр пхегъэкI

2009 гъэм Бахъсэн къалэм и прокуратурэм къипщытащ сабий зеиншэхэмрэ зыпIхэр зыщхьэщыт (опекэм щIэт) сабийхэмрэ я хуитыныгъэхэм ятеухуа хабзэхэр гъэзэщIа зэрыхъур. Прокуратурэр а IэнатIэм зэпымыууэ кIэлъоплъ. И гулъытэр нэхъ зыхуэгъэзари балигъ мыхъуахэм псэупIэкIэ яIэ хуитыныгъэхэрщ.

ХЭПЛЪЭН папщIэ Iуэху 12 судым хуагъэхьащ.

Абыхэм къыщыгъэлъэгъуа сабий зеиншэхэмрэ зыпIхэр зыщхьэщытхэмрэ я ныбжьыр илъэс 18 ирикъуащ, еджапIэхэри къаухащ, арщхьэкIэ нобэр къыздэсым псэупIэхэр иратыркъым.

Бахъсэн къалэм и прокуратурэм иджыри апхуэдэ Iуэху зыбжанэ судым хуигъэхьынущ.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

●Май куей

Щапхъэ дахэ

ЩэкIуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 20 хъуху Май районым Щэнхабзэм кIэ унэхэм я зэхьэзэхуэ щекIуэкIынущ.

«ЩЭНХАБЗЭМКIЭ унэхэм я нэхъыфI» фIэщыгъэм щIэту куей администрацэм къызэригъэпэща зэхьэзэхуэр а IэнатIэм пэрытхэм 2009 гъэм къриубыдэу зэфIагъэкIахэм щыхэплъэжщ. Мы Iуэхум хэтынущ Май куейм и къалэ, къуажэ псори. Зэхьэзэхуэм и къалэн нэхъыщхьэр ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, хабзэ дахэхэр хъумэнырщ, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ телажьэ цIыхухэр зэкъуэгъэувэнырщ.

Мы зэхьэзэхуэм щытекIуэхэм иратынущ Май куей администрацэм и щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ. КъызэгъэпэщакIуэхэм КъБР-м и адрей районхэри къыхураджэ мыпхуэдэ гуфIэгъуэ зэIущIэхэр, Май къалэдэсхэм я щапхъэм тету, ирагъэкIуэкIыну.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

ТыIэщ Маринэ.

Хэкужьым фIыкIэ Тхьэм дыщызэхуигъазэ!

●ФIыщIэ

Сэ Шэджэм къалэ сыщыщщ, илъэс 15 хъуауэ «Налшык - Москва» рейсым цIыхухэр автобускIэ къесшэкIыу сытетщ. Ди лэжьыгъэм жэуаплыныгъэ ин пылъщ - щIэх-щIэхыурэ машинэм кIэлъыплъын хуейщ, цIыхухэр шынагъуэншэу къепшэкIын, гъуэгум насыпыншагъэ къыщымыхъун папщIэ. Апхуэдэу си автобусыр зыхуей хуэзгъэзэн, пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр щIэкIэ зэсхъуэкIын мурадкIэ гъэмахуэкIэхэм Тыркум сыкIуат. Автобусыр кхъухькIэ зэпрысшащ, сыздэкIуэм хьарзынэу сынэсащ, сщIэн хуейхэри зэфIэзгъэкIащ. Техникэ мардэм си автобусыр изагъэу зэрыщытымкIэ сызыхуеину тхылъымпIэхэри къызатри сыкъежьэжауэ сыкъэкIуэжу, Трабзон кхъухь тедзапIэм сыкъэмысыжауэ, жэщи къыстехъуауэ радиаторыр (арат сызэмыIуса пкъыгъуэу къэнар), къыпхиудри, адэкIи мыдэкIи сымыкIуэфу губгъуэм сыкъинащ.

Жэщым дэнэ укIуэнт, къутар зэбгъэпэщыжынущи, нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым. Арати, машинэр гъуэгубгъум тезгъэкIуэтри нэху згъэщащ. Пщэдджыжьым къэслъэгъуащ къуажэ цIыкIу гуэрым сызэрыпэмыжыжьэр. ЦIыхухэм зыкъаужьри, хэт Iэщхэр хъупIэм ихуащ, хэти губгъуэ лэжьыгъэхэм пэрыхьащ. Къуажэ щыхьукIэ, къалэн щымащIэтэкъыми, псори щхьэж и Iуэху яужь итти, языныкъуэхэм гу къыслъатэххэртэкъым, сыкъэзылъэгъуахэми къызбгъэдыхьэну тауч эл ящIыртэкъым. Сэращи, зи бзэ сымыщIэхэм япэ сепсэлъэну сытегушхуэркъым, дэIэпыкъуэгъу сыщIэлъэIуну сыхуейкъыми, зэрыхъукIэ радиаторыр зэрызэзгъэпэщыжыным сыпылъщ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, зы щIалэ къызбгъэдыхьэри си Iуэхур зытетым щIэупщIащ. ГурыIуэгъуэт къысщыщIам зэрытегузэвыхьыр. ЖесIащ тыркубзэ зэрызмыщIэр, си псэлъэкIэкIэ е си теплъэкIэ, сыткIэ сыкъищIами сщIэркъым, ауэ «Черкес?» - жиIэу къыщызэупщIым, си щхьэр сщIащ. Бэчыр (арат абы и цIэр, ауэ и унэцIэр сщIэжыркъым) цIыхугъэшхуэ хэлъу, адыгэхэр фIыуэ илъагъуу, ди лъэпкъэгъу ныбжьэгъу и куэду къыщIэкIащ. А къуажэ цIыкIум, Чорум къалэм пэмыжыжьэм, адыгэ дэстэкъым, ауэ Бэчыр Чорум Щэнхабзэм кIэ унэ мыин (ухуеймэ, зэIущIапIэ жыIэ) щиIэу арати, абы щIэх-щIэхыурэ адыгэхэр щызэхуэсырт, хьэгъуэлIыгъуэ щащIми, нэгъуэщI гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIми. Адыгэхэм я зэхыхьэкIэ, зэхэтыкIэ дахэр ищIэрти, фIыуэ щIилъагъури, абыхэм ящыщ ныбжьэгъу куэд иIэнри арат къызыхэкIар.

Сызэрыадыгэр къыщыгурыIуэм, адэкIэ зыми щIэмыупщIэу жып телефоныр къищтэри зыгуэрым епсэлъащ, итIанэ сэ сригъэпсэлъащ. Ар шапсыгъ щIалэт, ди псэлъэкIэхэр зэтемыхуэми, дыадыгэтэкъэ, хьарзынэу дызэгурыIуащ, ауэ ар си IуэхумкIэ сэбэп къысхуэхъуфынутэкъым - жыжьэIуэ щыIэт. Абы и ужькIэ нэгъуэщI адыгэ щIалэхэми сригъэпсэлъащ Бэчыр. Мис абдежщ гъэщIэгъуэнхэр къэхъуу щыщIидзар. Сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу зы машинэ къыIухьащ си автобусыр щыкъута щIыпIэм икIи адыгэ щIалищ къикIащ, игъащIэм сыкъацIыхуу щытам хуэдэу къысщыгуфIыкIыу. ТIур зэкъуэшт, ещанэр абыхэм я ныбжьэгъут. ЗэкъуэшитIыр Атэлыкъхэ ящыщт, Хьайрулэхьрэ Рафатрэ, ещанэр - ГъукIэхэ Турант. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Бэчыр сэбэп къысхуэхъуащ, зи гугъу сщIы адыгэ щIалищыр къызигъэцIыхуащ.

ДызэщIэупщIауэ, дызэрыцIыхуауэ фIэкI, нэхъ кIыхьлIыхь мыхъуу, автобусым и радиаторыр къытрахщ, я машинэм ипалъхьэри Чорум дыкIуащ. Сэ сыкъыщыувыIа щIыпIэм а къалэр километр 20 хуэдизкIэ пэжыжьэт, а щIалэхэри арат къыздикIар. Нэхъ пэжу жыпIэмэ, абы и гъунэгъубзэ Алътыкъуей адыгэ къуажэрт, абы пэжыжьэтэкъым Дэхъушыкъуей къуажэри. Иджы еплъ ар зэрыхъум - АлътыкъуейкIэ зэджэу щыта хьэблэр иджырей Шэджэм Езанэм хеубыдэ, а къуажэм кIуэцIрыкI федеральнэ гъуэгум и ижьрабгъур Къундетейщ, сэмэгурабгъур Алътыкъуейщ, абы нэхъ ипщэжкIэ Щоджэнхьэблэщ, адэкIэ уIэбэмэ, Бабыгуей къуажэщ (Дзэлыкъуэ районым хыхьэ СэрмакъкIэ зэджэ Бабыгуей жылэм къыхэкIыу Шэджэм псы Iуфэ къэтIысауэ щытахэращ зи гугъу сщIыр, сэ сызыщыщ лъэпкъыцIэр апхуэдэущ абдеж къызэрытIысар). Апхуэдизыр къыщIезгъэкIуэкIыр, Тыркум зэрымыщIэкIэ сызыщыIущIахэр ди къуажэ дэкIахэм я щIэблэу зэрыщытырщ, ахэр сэбэп къысхуэхъун хуэдэу Тхьэм дызэрызэхуишарщ.

Пкъыгъуэ къутар ирагъэщIыжу фIэкIа сымыщIэу зы сыхьэт хуэдэкIэ дыщысащ, дызэпсалъэу. Хьайрулэхь къызжиIэжащ 1990 гъэхэм Хэкум лъагъунлъагъу къэкIуауэ зэрыщытар, абы щыгъуэ и унэкъуэщхэр, и Iыхьлыхэр къызэригъуэтыжар, ауэ иужькIэ къызэрытримыгъэзэфар. Хьайрулэхь полицэм къулыкъу щещIэ, машинэхэр тэрэзу зегъэкIуэным кIэлъоплъ. Абы и къуэш Рафат хьэрыпыбзэмкIэ егъэджакIуэщ. ДызэпсалъэурэабдеЖ къыIухьащ щIалитIым я шынэхъыжь Ялчын. Тхьэм ирещIи, телефонкIэ си хъыбар хуаIуэтауэ арагъэнт. Абы илъэс 60-м щIигъу и ныбжьынщ, адыгэбзэри фIы дыдэу ещIэ, нэхъ гъэщIэгъуэн сщыхъуараци, «Адыгэ псалъэ» газетым ИнтернеткIэ къоджэ. Арат адыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр, хамэ къэралхэми фIыуэ щащIэр, къэзгъэсэбэпу а щIалэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыщIыхуейр. Ахэр зыри хуэныкъуэкъым, цIыхугъэ, псалъэ гуапэ, къуэш лъытэныгъэрэ зэхэщIыкIрэ мыхъумэ. КъызэрыздэIэпыкъуам и лейуэ си гуапэ хъуат ахэр «Адыгэ псалъэ» газетым ИнтернеткIэ зэреджэр, Хэкум теухуа хъыбархэр яфIэфIу зэрызрагъащIэр, куэду сыткIи къызэрытщIэупщIэр.

Сыхьэт дэкIа нэужь, дыздэщысым деж машинэкIэ радиатор щIэрыпс къыIуашащ икIи сыт хуэдизу зызмыхъунщIами, къэзмыщтэу ядакъым, и уасэр естынуи сыхэтати, апхуэдэуи сахэзэгъакъым. «Ди къуэш, ди лъэпкъэгъу сэбэп дыхуэхъуныр дэркIэ зимыуасэ щыIэкъым!» - жаIэурэ си автобусыр здэщыт щIыпIэм дыкъэсыжри, пкъыгъуэр тедгъэувэжащ икIи гуапэ дыдэу сыкърагъэжьэжащ.

Си тхыгъэм и кIэухыу иджыри зэ фIыщIэ ин яхузощI Чорум щыщу ныбжьэгъу къысхуэхъуа щIалэхэм. Дэ нэщI мазэр екIуэкIыу дызэрыцIыхуащи, я нэщIыр къабыл хъуну сохъуэхъу. «Адыгэ псалъэ» газетымрэ Интернетымрэ я фIыщIэкIэ си тхыгъэр абыхэм я деж зэрынэсынур си фIэщ хъууэ жызоIэ: «Хэкужьым фIыкIэ Тхьэм дыщызэхуигъазэ!»

БАБЫГУЕЙ Iэубэчыр.
Шэджэм къалэ.

●ТхылъыщIэ

«Адыгэ лъэпкъым и макъ зэщIэжьыуэхэр»

Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту иджыблагъэ дунейм къытехьащ адыгэ музыкэ щIэныгъэр зыгъэбжьыфIэ Ащхъуэт Бесльэн игъэхьэзыра тхылъ. Ар къыщыдэкIащ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм.

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ макъамэм ехьэлIа «гуп гупсысэкIэм» адыгэ IуэрыIуатэм щиубыд увыпIэ щхьэхуэмрэ абы лъэпкъ щэнхабзэм дежкIэ иIэ мыхьэнэ инымрэ. Тхылъыр зи IэдакъэщIэкIым къыпикIуэхьыркъым адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкIа щэн дахэм макъамэкIэ псыхьа гупсысэкIэр къыгуэхыпIэ имыIэу зэрепхар. Адыгэ уэрэдусхэм я зэфIэкIыр гъунапкъэншэу зэрыщытар лъэпкъым къыдекIуэкIа тхыдэм, хабзэхэм, уэрэдгъыбзэхэм къызэрагъэлъагъуэм авторым гу лъыдегъатэ икIи къелъытэ лъэпкъ макъамэм, усыгъэм, IуэрыIуатэм нэхъри пэгъунэгъу уахуэзыщI мы унэтIыныгъэхэр щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ куууэ джын, абыхэм яхъумэ щэхур адэкIи сэтей къэщIын зэрыхуейр.

Ащхъуэтым и Iуэху еплъыкIэхэм лъэпкъ хабзэр, макъамэр, адыгэ IуэрыIуатэр къуэпс нэрымылъагъуэхэмкIэ зэрапх, къытщIэхъуэ щIэблэм лъэныкъуэ куэдкIэ къызэрагъэсэбэпынум, дерс къызэрыхахынум хуэдэу. «Адыгэ лъэпкъым и макъ зэщIэжьыуэхэр» тхылъыр 500 хъууэ къыдэкIащ. Ар сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Мыбы ихуа музыкальнэ IэдакъэщIэкIхэм нотэхэри я гъусэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Прохладнэ куей

Къэхутэныгъэ йокIуэкI

Кыщпэк къуажэм и Iэгъуэблагъэхэм къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI археологиемкIэ Кавказ институтым и IэщIагъэлIхэм. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар «Кавказ» федеральнэ гъуэгур щаухуа зэманым мы жылагъуэм пэмыжыжьэу хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыщагъуэтауэ зэрыщытарщ.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ зэрыхуагъэфащэмкIэ, а хьэпшыпхэм мы щIыпIэхэм VI-VII лIэщIыгъуэхэм щыпсэуа скиф лъэпкъхэм я лъэужьым утрашэ. ЩIэныгъэлIхэм къалъытэ жэзым, кхъуэщыным къыхэщIыкIауэ къагъуэта IэмэпсымэхэР, хьэпшыпхэр, унагъуэ псэущхьэхэм я къупщхьэхэр кууэ джын хуейуэ.

Археологхэм гу лъамытэу къэнакъым Кыщпэк и Iэгъуэблагъэр пасэ зэман жыжьэм увыIэпIэ зыхуэхъуахэр лъэпкъышхуэу зэрыщытами. Ахэр щыпсэуа унэхэр лъахъшэт, унэ блынхэр хьэуазэятIагъуэ зэщIэлъым къызэрыхэщIыкIар наIуэу. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ ирагъэкIуэкIа апхуэдэ къэхутэныгъэхэм пащэу иджыпсту мы щIыпIэм щолажьэ Урысейм и археолог цIэрыIуэ Нарожный Евгений зи пашэ гупыр.

УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, щIытI лэжьыгъэхэр и кIэм ноблагъэ. КъыщIаха хьэпшыпхэм ехьэлIа щэхухэр иужькIэ яджынущ икIи шэч къытрахьэркъым мыбдеж щыпсэуахэм къадекIуэкIа щэнхабзэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм хуаIа пыщIэныгъэхэм ятеухуауэ нобэм къэс зыри зыщымыгъуэза Iуэхугъуэ Iэджэ сэтей къызэращIыфынум. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэгъусэу ирагъэкIуэкIынущ АрхеологиемкIэ Кавказ институтым и къудамэу Налшык щыIэмрэ Краснодар къалэм щызэхэт «Наследие-Кубань» ОАО-мрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан КIэс и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Тау ХускIэ КIэс и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тесыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1,4-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 23.15-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.014●Заказ №3395